Унагъуэр - жылагъуэр зэтезыIыгъэщ

2-нэ нап.

Италием бзылъхугъэу исым дахагъэкIэ ефIэкI адыгэ анэт

3-нэ нап.

Усэхэм хъунэкIыжу щIысэу

4-нэ нап.

Гъатхэмэ къапех

4-нэ нап.

ФИФI ФЫМЫГъЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГъЭПЩКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

1924 ГЪЭ ЛЪАНДЗРЭ КЪЫДОКI

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

№49 (24.643) • 2024 гъэм мэлыжьыхьым (апрелым) и 26, марем • Тхьэмахуэм щэ къыдокI • И уасэр зы тумэнщ

Лъэпкъ пэхуэщIэхэр зэрагъэзащIэр

КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек хэтащ УФ-м и Правительствэм и Унафэщым и къуэдзэ Хуснуллин Марат видео-конференц жьыпхъэм иту иригъэкIуэкIа зэлущIэм. Ар теухуат лъэпкъ, къэрал проектхэр (пэхуэщIэхэр) зэрагъэзащIэм, бюджет ахъшэмрэ хъарзынатIэмрэ мурад хэхакIэ кьыхагъэкI кредитэмкIэ зызрагъэужь инфраструктурэм епха лэжьыгъэхэм.

«Иджыпсау школ» проектымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэрым иджыпсту еджапIи 9 щыхуэу, «Школхэм зегъэужьыкьин» программэмкIэ еджапIэ 13 зэлуэпэщ зэращIыным иужь итщ. КИФЩIм зиужьным хуэгъэпсауэ республикэм проектитI щолажьэ: Азау хуейм щегъэжьауэ Iуащхьэмахуэ жылэм нэс зэпрыща псы ижьпIэр зэгъэпэщыжьыр, езы къуажэм дэтхэри хиубыдэу, адрейр – Тырныауэ псыр зыгъэкъабзэ уиухэнгъэхэр дэщIыкьынхэр.

Къуажэхэм зегъэужьным программэм ипкъ иткIэ, Псыхъурейрэ Iуащхьэмахуэ жылэмрэ щэнхабзэмкIэ унэхэр, Щхьэлыкъуэрэ Iуащхьэмахуэ жылагъуэмрэ – спорт ухуэнигъэхэр дыдощIыхь. Къинэмыщ Iауэ, километри 6 зи кIыхьагъ, щIыпIэм мыкьэнэшхуэ щызиIэ гъуэгуи 8 зыхуей худогъаз.

Къалэхэр егъэфIэкIуэн проектым теухуауэ мы гъэм цIыху зекIуапIэ 31-рэ фэтэр куэду зэхэт унэхэм я пщIантIэу 7-рэ зэдгъэпэщыжьынущ. Абы хэтщ зэпеуэм текIуэнигъэ къыщызыхьа Шэджэмрэ Май къалэмрэ я проектхэр.

«Гъэзугфl шынагъуэншэхэр» проектымкIэ объект 27-м долажь, абыхэм ящыщу 8-р Налшык къалэм хеубыдэ. «Щэнхабзэ» проектымкIэ зыхуей хэдгъэзэну ди мурадщ ЩэнхабзэмкIэ униц: Октябрьскэм, Малкэ, Сэрмакъ дэтхэр.

Инфраструктурэм епха проектхэмкIэ Бахъсэн псыкIуапIэ зэрыIыгъ щыдоухуэ. ИджыпстукIэ бжьамийхэр зыдалъхьэну кIэнауэхэр къатI, езы бжьамийхэр зэпагъавэ, далъхьэ, зыхуэныкъуэ Iэмэпсымэхэмрэ уиухэнигъэ хуэIухуэщIэхэмрэ къащцэу.

Зи гугъу тщIахэр ди Президент Путин Владимир кьыхилъхьа лъэпкъ, къэрал проектхэм я Iыхьэ мащIэу аращ. Лэжьыгъэм и дэтхэнэ Iыхьэри Правительствэм дечэнджэщурэ зэфIыдогъэкI», - цыжьеIэ КъБР-м и Iэтащхьэм и телеграм каналым.

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущ Iапэм къызэритамкIэ

Iэтащхьэм ирагъэцIыху

Дыгъуасэ Къэбэрдей-Балъкъэрым щыIащ Урысейм и ФСБ-м и Гъунапкъэхъумэ IэнатIэм и унафэщIым и къуэдзэ, генерал-лейтенант Стрельцов Владимир. Абы республикэм и Iэтащхьэм иригъэцIыхуащ Урысейм и ФСБ-м и Гъунапкъэхъумэ IэнатIэм и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэм и унафэщIу ягъэуву, генерал-майор Семериков Игорь.

УРЫСЕЙ Федерацэм и Президент Путин Владимир а Iуэхум теухуа унафэм Iэ щIидзащ мэлыжьыхь мазэм и пэщIэдзэм.

Семериков Игорь нэхъапэкIэ лэжьащ Урысейм и ФСБ-м и Гъунапкъэхъумэ IэнатIэм и Ростов областым щIэ къудамэм и унафэщIым и япэ къуэдзэу.

КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек фIыщIэ хуищIащ щIыналъэм и гъунапкъэхъумэ IэнатIэм и унафэщIу щыта, генерал-майор Павлов Андрей и лэжьыгъэр нэгъэсауэ зэрырихьэкIам папщIэ. Апхуэдэу кьулыкъым пэрыува Семериков Игорь ехъэхъэуащ Урысейм хуэщхьэпэу, жэуаплынигъэшхуэ зыпылъ и IэнатIэм ехьулIэныгъэ иIэу пэрытыну.

ЗэфIагъэкIахэр къапщытэж

Аруан, Лэскэн районхэм я медицинэ Iуэхущ Iапэ Iэхэр блэкIа илъэсым зэрылэжьар къыщапщытэж зэлущIэ екIуэкIащ. Абы хэтащ КъБР-м и узыншагъэр хъумэнымкIэ и министр Кьаебатэ Рустам.

Iэнатl Iэр лэжьыгъэм зэрехъулIэм теухуауэ къэпсэльащ Нарткъалэ дэт, ЩIыналъэхэм зэдай, узыфэ зэмылIэужьыгъуэхэр зыпкърытхэм щеIэзэ сымаджэщым и дохутыр нэхъыщхьэ Хъэщ Iэлl Фатlимэ. Абы кьызэрыкIуэщамкIэ, блэкIа илъэсым зыхуагъэувыжа кьалэнхэм хъарзынэу екъулIащ.

Апхуэдэу 2023 гъэм «Узыншагъэр хъумэнымкIэ Iэнатl Iэм цIыхухэм япэ медицинэ дэIэпыкъуныгъэхэр щрат и Iуэхущ Iапl Iэхэр къэгъэщIэрэщIэжьынкIэ щIыналъэ программэмкIэ сыт и лъэныкъуэкIи зыхуей хуэзэу зэрагъэпэщжащ Джэрмэнышк, Аруан къуажэхэм дэт амбулаторэхэр. Нарткъалэ дэт, ЩIыналъэхэм зэдай, узыфэ зэмылIэужьыгъуэхэр зыпкърытхэм щеIэзэ сымаджэщым и поликлиникэ къудамэр сымаджэщ къалэ цIыкIум и пщIантIэм ягъэпхъужащ. Цыхуэхэм я тыншыпIэр къызэрэпэщынымкIэ тещIыхьауэ къащта унафэм абы къекIуалIэхэри щылажьэхэри арэзы техъуащ. Апхуэдэ Iуэху бгъэдыхьэкIэм Iэмал къитащ пIэщIагъуэкIэ медицинэ дэIэпыкъуныгъэ хуэныкъуэм зыхуей Iуэхутхъэбзэр нэхъ псынщIэу игъуэтынымкIэ, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, жэщми махуэми лажьэ а Iэнатlэр иджы гъунэгъуу щытщ. Поликлиникэм и теплъэм и закъуэкъым къагъэщIэрэщIэжар, атIэ я IуэхутхъэбзэкэриефIэкIуащ, Iэнатlэм иджырей технологиекэр къыщагъэсэбэн зэрыхъуам и фIыгъэкIэ. Дохутырхэр зыщIэс, сымаджэхэм щеплъ пэшхэр, цIыкуэхэр я чэзум щыпэплъэ, дохутырым и деж зыщрагъэтх планэпхэр тэмэму ягъэпсащ. КъищынэмыщIауэ, поликлиникэм кьекIуалIэхэм эдакIэнур нэхъ псынщIэу къагъэутын папщIэ зыгъэпсатэу дамыгъэхэр, гъэзугъэпэгъуэ картэхэр иIэщ.

Сымаджэщым и поликлиникэхэм цIыкуэхэм я узыншагъэр къэпщытэнымкIэ лэжьыгъэшхуэ щрагъэкIуэкIащ. Сымаджэщым и кьудамэ щхьэжуэхэм я узыншагъэр щызэфIагъэувэжащ цIыку 8614-м, операцэу 3057-рэ щрагъэкIуэкIащ. А илъэсым щIыналъэм лъэпIэ унэм дунейм кьыщытехьащ сабий 874-рэ.

«Росздравнадзор»-м узыншагъэр хъумэнымкIэ Iэнатlэхэм щрагъэкIуэкI медицинэ Iэхутхъэбзэхэм я шынагъэншагъэр кьызэрипщытэ жьипхъэ щхьэхуэхэми кIуэцIрыкIащ сымаджэщыр икIи цIыхухэм фIагъ лъагэ зиIэ медицинэ дэIэпыкъуныгъэхэр зэрыратым щыхьэт техьуэ къэрал тхыпIэкэр къратащ.

Зэлущ Iм и кIэухым министрым жиIащ щIыналъэхэм я медицинэ Iуэхущ Iапl Iэхэм я лэжьыгъэм арэзы кьызэрищIар икIи кьыхихгъэщащ адэкIи нэхъыбэжкIэ я зэфIэкIкэм хагъэхъуэну зэращкIугъыр. Апхуэдэу а махуэм Кьаебатэ Рустам зэригъэлъэпэуащ Нарткъалэ дэт стоматологие поликлиникэмрэ Аруан жылэм и амбулаторэмрэ.

ЩХЬэщэмыщI Изэ.

Интернет хабзэншагъэм зэгъусэу пэщIоувэ

Каменномост (Къармэхьэблэ) дэт курыт еджапIэ №2-м щекIуэкIащ сабийхэр щIэпхъаджащIэхэм ящыхьумэнымрэ интернет напэкIуэцIхэм гъэпцIагъэкIэ хабзэм къемызэгъ щрагъэлэжьыным пэщIэтыным ятеухуа зэлущIэ.

АБЫ ХЭТащ 7-11 классхэм щеджэхэм я адэ-анэхэр. Я бынхэр Iуэху мыщхьэпэхэм щахьэмэным теухуауэ абыхэм епсэльащ школым и унафэщI Маргъущ Фатlимэ, егъэджакIуэхэр, къуажэм и Нэхъыбжьым я советым и унафэщI Гувэжыкьуэ Iабусэ, полицэм и участковэ уполномоченнэ Бей Алим сымэ.

Адэ-анэхэр щIэупщIащ сабийхэр хабзэншагъэм зэрыщыпхъымэну Iэмалу щыIэхэм, интернет щIэпхъаджащIэхэм я къэпхъэным ихуэ хъужыкьуэмэ щIапхъэхэм, ныжьыщIэхэм я гупсысэр зэхэзэщхьэн умыщIу Iейм зэрыщыпхъымэнум. А псом теухуауэ чэнджэщхэр ягъэуташ, еджапIэмрэ адэ-анэхэмрэ зэдэIэпыкъуу сабийхэр фIым хуэущиину, дахагъэм зэрыдрагъэхьэхынум хущIэкъуну, еджэным нэхъри зратыныжкIэ Iэмалу щIэхэр кьагъэсэбэныну зэгурIуащ.

ГЪУЭТ Синэ.

Гъатхэпэм уасэхэм зэрызахъуэжар

Къэбэрдей-Балъкъэрым зы щIыпIэ щхьэхуэм щыпсэу цIыхухэм кьащхэу ерыскъымрэ хьэпшыпымрэ, Iуэхутхъэбзэхэм я уасэм зэрыхъэхуэ-зэрех щыкIэр кьызэрагъэпагъуэ и Iэмалыр - потребительскэ индекс жыхуаIэр - 2024 гъэм и гъатхэпэм проценти 100,5-рэ хъуащ. Ар кьэнэжащ мазэ ипэкIэ щыIа бжьыгъэхэм хуэдэу.

ЕрыскъыхуэкIым и индексыр – проценти 100,6-рэ, унагъуэ хьэпшып, хущхъуэ, н.кь. хуэдэхэм - процент 99,8-рэ, Iуэхутхъэбзэхэм ейр - проценти 100,6-рэ хъуащ. Апхуэдэ хъыбарэр иджыблагъэ зэбгриГъэжащ УФ-м и Къэрал статистикэмкIэ и управленэу Кавказ Ищхъэрэм щыIэм.

Хадзэкl продукцэхэм ящыщу я уасэм нэхъыбэу хэхъуащ къэбыстэм, кIэртIофым, бжьыныщIэм, Iэнэм тралъхьэ къэкIыгъэ щхьэантIэхэм – проценти 10 - 11,6-рэ хуэдизкIэ. Мэлылым проценти 7-кIэ, лы хьэжа зыдэлъ тхъэвэхIхэм проценти 6,4-кIэ, быламылым – проценти 4,9-кIэ, джэдкъазылым – проценти 3,8-кIэ, лы хьэжам – проценти 3,7-кIэ, былым тхъэмщIыгъум – проценти 3,2-кIэ я уасэхэм хэхъуащ. Абыхэм кьакIэрыхуакъым шоколадыр – проценти 6,9-кIэ, ахъуэм (оливкэм) къыщIахуа дагъэм – проценти 5,9-кIэ, кIэнфетхэм – проценти 5,6-кIэ, шэ IэфI Iувым – проценти 5,3-кIэ.

Апхуэдэу щыхьукIи, сабийхэм ирагъэшх пхъэщхьэмыщхьэмрэ хадзэкIымрэ къыхэщIыкIа консервхэм я уасэм кIэрыхуащ проценти 7,3-кIэ, джэдыкIэм проценти 6,5-кIэ, нэкулъым – проценти 3,9-кIэ.

Дыздрыт илъэсым и гъатхэпэм и кIэм ирихьэлIэу, ику иту зы мазэ пIалъэм тещIыхьауэ къэбжмэ, бззэрым зэ кIуэгъуэм къыщIипщэхуну ерыскъым тебгъэкIуэдэну ахъшэр нэхъ мащIэ дыдэу сом 5611,98-рэ хъуащ икIи мазаем щыIа бжьыгъэхэм нэхърэ проценти 2-кIэ ар нэхъыбэщ, 2023 гъэм и дыгъэгъазэм щыIа бжьыгъэхэм ельытауэ - проценти 4,4-кIэ.

Iэмал имыIэу цIыхур зыхуэныкьуэу къалъытэ хущхъуэгъуэхэм хагъэхьахэм я уасэр процент 0,6-кIэ дэкIуеящ, мыдрей хущхъуэхэр - процент 1,4-кIэ.

ЦIыхухэм махуэ кьэс унэм кьыщагъэсэбэн хьэпшыпхэм ящыщу сабыным и уасэм проценти 4,4-кIэ, сабийхэр зэрагъашхэ птулъкIэм – проценти 3,6-кIэ, Iэлъэщ псыфхэм – проценти 2,3-кIэ хэхъуащ. Ауэ нэкIум Iуалъхьэ дохутыр маскхэм, тхылъымпIэ Iэпэлъэщ Iэм проценти 5,7-кIэ, сэбын ткIуаткIуэм проценти 5,2-кIэ я уасэм кIэрыхуащ.

УФ-м Къэрал статистикэмкIэ и управленэу Кавказ Ищхъэрэм щыIэм къызэритамкIэ, автомобилэм ирагъахьэу газым и уасэм проценти 5,7-кIэ республикэм щыкIэрыхуащ, ауэ бензиныр нэхъ лъапIэ хъуащ процент 0,6-кIэ.

ЦIыхухэм хуащIэ Iуэхутхъэбзэхэм я уасэми, мазаем щыIахэм ельытауэ, гъатхэпэм хэхъуащ. Псалъэм папщIэ, кхъухьлъатэхэмкIэ гъуэгу техьхэм билет нэхъ пуд дыдэхэм щIатым процент 22,8-кIэ, Урысейм зы банкым и карточкэм кьикIыу нэгъуэщI банкым ейм ахъшэ зыгъакIуэхэм кьыIэх къуэдзэр проценти 4-кIэ, мафIэгъэкIэ гъуэгуанэ жьыкэ техьэхэм я билетхэм я уасэм проценти 3,1-кIэ хэхъуащ.

Къэрал кIуэцIым кьыщызыкIухь, зыщызыгъэпсэху туристхэм «Вагъуит!» зиIэ хьэщIэщхэм зы жэщ кьыщцIувыIэн папщIэ щIат уасэм процент 17,9-кIэ, «Вагъуипл!», «Вагъуитху» зиIэ хьэщIэщхэм я апхуэдэ Iуэхутхъэбзэхэм процент 0,9-кIэ хэхъуащ.

Тенджызэ ФIыщIэмрэ Кьрымымрэ зыгъэпсэхуакIуэ узэрыкIуэ гъуэгуанэщIэхэм процентэ 9,3-кIэ, санаторэхэм я путевкэхэм я уасэм проценти 3,8-кIэ, Урысейм зыпIэныкьакIуэ кьыщыпкIухьыным ихьым процент 1,3-кIэ хэхъуащ.

Хамэ къэралхэр къэдгъэлъагъуэмэ, зыгъэпсэхуакIуэ Мысырым узэрыкIуэну гъуэгупщIэм и уасэм процент 31,2-кIэ, Тыркум - процент 17,1-кIэ, Хьэрып Эмират Зэгуэтхэм – проценти 7,7-кIэ, Кавказ Ищхъэм – проценти 4,4-кIэ, Азие Курытым хьыхь я къэралхэм – процент 1,9-кIэ хэхъуащ, ауэ Белоруссием, Азие Ищхъэмрэ КъуэкIыпIэмрэ хьыхь я къэрал щхьэхуэхэм укIуэным я уасэм процент 1,7-кIэ кIэрыхуащ.

ХЬэщIыкIуЕй Олег.

КхъухьлъатэхэмкIи зызэпащIэ

**КъБР-м курортхэмрэ туризмэмкIэ и министр Щ Щ Щ

2023 гъэм иригъэкIуэкIа лэжьыгъэм теухуауэ ЦIыхум и хуитыныгъэхэмкIэ уполномоченнэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэм ищIа докладым и Iуэхукlэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

2023 гъэм иригъэкIуэкIа лэжьыгъэм теухуауэ ЦIыхум и хуитыныгъэхэмкIэ уполномоченнэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэ Зумакулов Б. М. ищIа докладым хэпльауэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ щI**:

2023 гъэм иригъэкIуэкIа лэжьыгъэм теухуауэ ЦIыхум и хуитыныгъэхэмкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэм ищIа докладыр къэштэн.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и УнафэщI **ЕГОРОВЭ Татьянэ**

Налшык къалэ
2024 гъэм мэлыжьыхьым и 23-м
№844-П-П

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм егъэджэныгъэ Iэнатlэм щIэ щытыкIэмрэ абы зегъэужьыныжьмкIэ Iэмалхэмрэ ятеухуа отчётым и Iуэхукlэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм егъэджэныгъэ Iэнатlэм щIэ щытыкIэмрэ абы зегъэужьыныжьмкIэ Iэмалхэмрэ ятеухуа Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм лэжьыгъэ къызэщIихужьакъым хэпльауэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ щI**:

1. 2022 гъэм кърикIуахэм ятещIыхьауэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм егъэджэныгъэ Iэнатlэм щIэ щытыкIэмрэ абы зегъэужьыныжьмкIэ Iэмалхэмрэ ятеухуа отчётыр къэштэн.
2. Мы Унафэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм хуегъэхьын.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и УнафэщI **ЕГОРОВЭ Татьянэ**

Налшык къалэ
2024 гъэм мэлыжьыхьым и 23-м
№845-П-П

Унагъуэр - жылагъуэр зэтезыIыгъэщ

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Жылагъуэ палатэм «Содружество» зыфIаща Iэхуhуэу иджыблагъэ щIэзэхашар теухуат 2024 гъэ екIуэкIыр Унагъуэм и илъэсу зэрыщытым. Зэхьыхьэм щыIэзэуэсат республикэм и Жылагъуэ палатэм и къудамэхэу къалэхэмрэ районхэмрэ къыщIэзэрагъэпэщащэм я лIыкIуэхэр.

ЗЭIУЩIЭМ и къыхуеджэныгъэ нэхъыщхьэу щытар «Унагъуэхэр зыгъэбыдэ хабзэ-бзыпхъэхэр хьумэныр - Урысейм и нобэмрэ и къэкIуэнумрэ телажьэщ» жыхуиIэрщ.

- КъБР-м и Жылагъуэ палатэр щIэх-щIэхыуэр зытепсэлъыхь Iэзхугъуэхэм ящыщщ республикэм демографие и лъэныкъуэкIэ щыщщIэ щытыкIэмрэ а лъэныкъуэмкIэ унагъуэм игъэщIэ мыхьэнэр зыхуэдэмрэ. Бын унагъуэ зэкъуэтыр, зыщыщ лIакъуэщIэр зэригъабагъуэм и мызакъуэу, зы щхьэхэмкIа лъэпкъми зезыгъэужьщ. Ари и зы щхьэусыгъуэщ унагъуэр хьумэныр къыщхьэщыжьымыкIэ Iэжьыгъуэ республикэм къыщIрахьэжьэхэм щыIалъэм и унафэщIхэми гулъытэ хэха щыхуащIым, - къыхигъэщащ КъБР-м и Жылагъуэ палатэм и тхьэмадэ Берд Хьэзрэтэлий, зэхьыхьэ къыщыдзэIуихым.

ЩIыпIэхуэса Iэхуэм адэкIи тепсэлъыхьын илъ къыхуэу, Жылагъуэ палатэм и районхэм къудамэхэм я цIэкIэ екIуэкIахэм гуфIэгъуэ щыкIэм тету иратащ, мазэ блэкIам ди къэралым щекIуэкIа Президент хэхьныгъэхэм кIэлъыплъа-кIуэхэр зэрыщыкъуагъэхьэрэм папщIэ, КъБР-м и Iэтащхьэм къахуигъэфэща фIыщIэ тхьилъхэр.

Къызэхуэсахэм я пащхьэ къыщыпсэлъащ КъБР-м лъэпкъ Iэхуэхэмрэ жылагъуэ проектхэмкIэ и министерствэм жылагъуэ проектхэмкIэ и къудамэм и унафэщI Куэцэ Эльберд.

ХьэрычэтыщIэу щымыт зэгухьэныгъэхэм (НКО) къэралым мыльку кIэ зэрызащIигъакъуэм и гугъу щищIым, абы къыхигъэщащ жылагъуэ зэгухьэныгъэу ди республикэм щыIэм нэблагъэ мы зэманым зэриIэр. Абыхэм хохьэ дзэ Iэхуэ хэхам хэтхэм защIэгъэкъуэнымкIэ къызэрагъэпэщахэри, щIэныгъэ щызэрагъэгъуэт еджапIэхэри, спортымкIэ Iэхуэщlапlэхэри.

- Хьэрычэтыщlэу щымыт зэгухьэныгъэхэм ядэIэпыкъуныжьмкIэ КъБР-м и унафэщIхэм зыхуагъэувыжьа кьалэн нэхъыщхьэхэм ящыщщ апхуэдэхэм я лжьыгъэ лъэпощхьэпоунэу ирагъэкIуэкIын папщIэ, жылагъуэм щытыкIэ тамэм къахузэгъэпэщыни мыльку кIэ защIэгъэкъуэни зэрыхуейр, - къыхигъэщащ Куэцэ Эльберд.

Апхуэдэу, 2023 гъэм къриубыдэу, хьэрычэтыщIэу щымыт зэгухьэныгъэхэм «субсидие» жыхуаIэ дэIэпыкъуныгъэу сом мелуан 11-м щIигъу иратащ. 2024 гъэм а бжыгъэ сом мелуан 12-м нагъэсыну я мурадщ ар зи пщэ дэзыльхьэжахэм. КъыхэгъащIупхъэщ, апхуэдизу дэIэпыкъуныгъэ зэуэ, зы илъэсым къриубыдэу, хьэрычэтыщIэу щымыт Iуэхущlапlэхэм абы илъ зэм зэрэщамытыри.

КIэлъыплъыгъэ зэIущIэм къыщыпсэлъащ КъБР-м Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министерствэм щIыхуэм гуэдзэн щIэныгъэ егъэгъуэтныжьмрэ гъэсэныгъэ тэмэм ябгъэдлъхьэжьымкIэ и къудамэм и унафэщI Дышэкl Бэллэ. Ар къыгуеывIащ унагъуэхэр зэтезыIыгъэ хабзэ-бзыпхъэхэр щIыналъэм щыхьэмэныжьмкIэ министерствэм курыт еджапIэхэм щригъэкIуэкI лжьыгъэр зыхуэдэм.

Республикэм Щэнхабзэмкlэ и министерствэм хущIыхьэгъуэ-зыгъэпсахуГъуэр зэрыраГъэкIуэкI Iэмалхэмкlэ и къудамэм и унафэщI Санэ Иннэ къытеувыIащ зи пашэ Iэнатlэр унагъуэхэм защIэгъэкъуэным, зегъэужьыным теухуауэ зэрадэлажьэ щIыкIэр зыхуэдэм.

Къалэхэмрэ районхэмрэ къыкIалхэми къыхагъэщащ зи гугъу ящI унэтIныгъэмкIэ Iуэхугъуэ щхьэпэхэр икIи гъэщIэгъуэнхэр щIыпIэщIыпIэкIэрэ зэрыщыгъэкIуэкIыр.

КЪУМАХУЭ Аслъэн.

Нартыхур хасэ

● Гъавэ

Къэбэрдей-Балъкъэрым и гъава нэхъыщхьэ - нартыхур - республикэм и мэкъумэщыщIэхэм еужьырэкIыу хасэ. Псори зэхэту мы гъэм а къэкIыгъэм хухаха гектар мини 132,4-м щыщу гектар 5,5-м ар тращIакIэщ, къитащ КъБР-м Мэкъумэш хозяйствэмкIэ и министерствэм.

НАРТЫХУ гъавапхъэр республикэм и щIыналъэ псоми щыхащIэ, ауэ абы и нэхъыбэр здыхасэнур, хабзэ зэрыхьуауэ, Тэрч, Прохладнэ, Бахъсэн районхэрщ. Абы хуха-ха гектар мини 132,4-м щыщу псори зэхэту а щIыналъэхэм процент 60-р кьалъос.

Къэбэрдзыгъэ Iуэхугъуэ, ижьырей илъэсхэм республикэм нартыхумкIэ гъавэ бэв къыщIрахьэлIэж. Псалъэм папщIэ, 2023 гъэм нартыхуу тонн 1048-рэ Iуахыжащ, 2022 гъэм щыIа бжыгъэхэмэ нэхърэ ар процентти 4,2-кIэ нэхъыбэщ. Апхуэдэуи 2022 гъэм зы гектарым хуэзэу центнер 69,4-рэ къыграхамэ, нэгъабэ ар центнер 78,5-рэ хьуащ.

АЛБЭРДЫКЪУЭ Iэмин.

● Радиацэ къэхъукъащIэхэм я зэранкIэ дунейм ехыжахэм нобэ я фэеплъ махуэщ

Ягъэзэжыфыну а щIыпIэм цIыхухэм?

Чернобыль АЭС-м гъэзэгъуэ къыщырыщыхьурэ илъэс 38-рэ дэкIащ. ЦIыху мелуанхэр зыхиубыда а къэхъукъащIэ иным хуэдэ дуней псом щалъэгъуатэкъым. Абы и лъэужьхэр ягъэзэкIуэжьным хэтат Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэухэри. Илъэс 25 - 40 ныбжьхэм иту цIыху 1800-м нэблагъэм къикIуэт ямыщIэу зыпэрыуба лэжьыгъэ шынагъуэр псэемыблэжу ягъэзэщIащ. Мэлыжьыхьым и 26-м Радиацэ къэхъукъащIэхэм хэкIуэдахэм я дунейпсо фэеплъ махуэщ.

АЭС-м къыщыхъуа насыпыншагъэм километр зэбгъузэнатIэ мин 200-м щIигъум зыщиубгъуат, абы и процент 70-р зыхащIат Урысейм, Украинэм, Белоруссиемэ щыпсэуху-хэм. Нэхъыбэу лей зытехьар Украинэ СССР-м и Киев, Житомир щыналъэхэрт, Белоруссием и Гомельскэ областырт, РСФСР-м и Брянск щыналъэрт. Ди къэралым и закъуэ километр зэбгъузэнатIэ мин 60-м кьурубыдэ, мэкъумэш Iэнатlэм и щIыз гектар мелуани 2-м щIигъум ар лъэIэсат. Гуэзвэгъуэм и лъэужьыр гъэкIуэдыжьным цIыху мин 600-м нэблагъэ хэтащ. ЗэрытщIэщи, радиацэм пыщIа гуэзвэгъуэр гъэкIуэдыжьныр Iуэху нэхъ гугъу дыдэхэм ящыщщ. МафIэс къэхъуар махуипщI нэужьым яхуэгъэкIуэдыжауэ арат, псэ эыутым и узыншагъэм зэранышIуэ къыхуэзыхь пкъыгъуэхэр хьуэм хэз хъуат.

ЦIыхухэр щIыналъэм игъэIэпэхъуклын зэрыхуейр мэлыжьыхьым и 27-м сыхьэт 13:10-м щIыпIэ радиомкIэ къатащ. Псом япэу ирашащ электростанцым километри 2 хуэдиз фIэкIа пэмыжьыжьэ Припять кьалэм щыпсэуэр, иужькIэ - километрипшIым нэскIэ АЭС-м пэгъунэгъуу щысхэр, къыкIэлъыплъыу махуэхэм - километр 30-м къриубыдэ щIыпIэхэм щыIэхэр (Чернобыли абы яхэту). Псори зэхэту цIыху мини 115-м щIигъум я унэхэр ябгьынэн хуей хъуащ.

КъыхэзрыхагъэщыжькIэ, Чернобыль АЭС-р къыщыуам абы и радиацэр 300-кIэ нэхъыбэт Хиросимэ бомбэ щыхадзам къэхъуам нэхърэ. Абы гъэзэгъуэ нэхъ инхэр къишэнкIэ хъунт, и зэманым щыхубзам и лъэужьыр ямыгъэкIуэдамэ. Дауи, абыебэнын щыщIадза япэ мазэхэм илъэсхэми цIыху кэдэ хэкIуэдащ.

Чернобыль электростанцыр къыздэрыуам и зэранкIэ, радиацэр нэхъыбэу зыщIэзэшIахэм ящыщщ абдеж гъунэгъуу щыта мэзхэмрэ щэрдхэмрэ. Псом хуэмыдэу «Рыжий лес» жыхуаIэр. КъэхъукъащIэм иужькIэ дакъикъэ 30-м къриубыдэу жыгхэм я фэр лтъыжь-фIыцIафэ хъуат икIи зэман кIэщIым игъуклат. Псэущхьэхэм я гугъу пщIымэ, щыIуэпсым и хьэуам зрагъэса хуэдэщ, абдеж щалъэгъуащ мыщэ, ушхэ, елэн. Апхуэдэуи 1990 гъэхэм щIэныгъэлIхэм къэхутэныгъэ ирагъэкIуэкIыну абы шыхэр щагъТыпIащэу щытати, ахэри хэзэгъэуэ къалъытэ.

Иджыпсту а щIыпIэр зэхуэщIащ, хуит зэращI тхьилъымпIэ яIэу фIэкIа благъэкIыркъым. СВО-м щIимыдзэ илъэ, Припятрэ Чернобыль АЭС-м пэгъунэгъу нэгъуащI жылэхэмрэ зыплъыхьакIэу гупхэр яшэу щытащ. Псалъэм папщIэ, ахэр ирашалIэрт 1986 гъэм накъыгъэм и 1-м къызэIуахын хуейуэ ягъэува къудей, лъагэу зозыгъэплъыхь «Шэрхъ хьурей» аттракционым, цIыхухэр ису зэ закъуэ мыкъуми ирамыгъэжьащ дзеж. АрщхьэкIэ а ябгьынэжа аттракционыр 2017 гъэм Польшэм къикIа зыгъэпсэхуакIуэхэм электрокъару хэмыту езыхэм я къаркIэ щагъэнэфат, икIи ар лажьэу траха видеор дуней псом щызэбгрыкIауэ щытащ.

ЯгъэзэжыфынуI пIэрэ цIыхухэм радиацэр здыкъеза щIыпIэхэм?! ЗэрыхуагъэфащэмкIэ, ЧАЭС-м и километр 30-кIэ пэгъунэгъу щIыхэм бгъэзэж щIыхьэнур илъэс 50 - 60 дэкIмэщ. А пIалъэм къриубыдэу радиацэр етIысэхыжьын хуейщ, ауэ километри 10-кIэ абы пэгъунэгъуу цIыхухэрэзэщIыпсэужьыфынуну къыщIэкIынукъым.

БАГЪЭТЫР Луизэ.

НэхъыфIхэм дахохьэ

Розницэу зэрагъэкIуэкIхэм, цIыхухэм пщIэ щIату хуащIэ Iуэхутхьэбзэхэм, шхапIэхэм ахъшэу къыщагъанэм я куэдагъымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэрым къэралым и щIыналъэхэм еяну увыпIэр щиубыдащ, процент 10,7-рэ иIэу. 2023 гъэм кърикIуаХэр зэхалъхьажа нэужь, зы мазэ пIалъэм къриубыдэу зы цIыхум хуэзэу ику иту сом мин 31,2-рэ я Iуэхугъуэхэм республикэм щытрагъэкIуэдащ.

БЖЫГъЭ нэхъыбэхэр абыкIэ къэзыгъэлъэгъуар Ингушымрэ (процент 17,2-рэ) Тюмень областымрэщ (процент 14,8-рэ). Абыхэм нэмыщI, апэ увыпIипщIыр къэралым щызыIыгъ щIыналъэхэм яхэтщ Адыгейр, Ставрополь крайр, Ямало-Ненецкэ округыр, Тулэ, Новосибирск областхэр, Мордовиемрэ Тэтэрстанымрэ. Рейтингым икIэм къыщынащ Брянск областымрэ Ненецкэ автоном округымрэ.

Къэбгъэлъагъуэмэ, цIыхухэм къагъэсэбэпу зыщIэупщIэм къэралым и щIыналъэхэм щыхэхъуэ зэпытщ, ику иту ар процентти 6,2-м зэрыпохьэс. Апхуэдэ щытыкIэм и щхьэусыгъуэу экономистхэм хальагъуэр улахуэжьэм псынщIэу зэрыхэхъуэмрэ цIыхухэр Iэнатlэкlэ къызэгъэпэщауэ зэрышытымрэщ. Абы нэмыщI, банкхэм щIыхьэ къызэрыщащтэри хохьэ а бжыгъэм. АхъшэкIэ къбгъэльагъуэмэ, цIыхухэм ар нэхъыбэу кьахуэгъэсэбэп хъуащ я щхьэ Iуэхухэм, ауэ ябыныкъуэ щIыналъэхэм щагъэкIуэд ахъшэм и куэдагъым къыкъуэмышу, уасэ хэхъуэр «дапIыIащ».

Фигу къэдгъэкIыжьыщи, Урысейм и Лъэпкъ банким и къудамэу КъБР-м щIым иджыблагъэ къызэритамкIэ, 2024 гъэм и щIышIэ - мазаехэм щIыналъэм щыщIа инфляцыр процентти 6,8-рэ, 6,5-уэ щытащ, зэрызэкIэлъыкIуэм хуэдэу. Уасэхэм хэмыхъуэу къыщIэувыIам и фIыгъэ хэльщ ерыскъыхэкIыу ди цIыхухэр зрикъуным хуэдиз зэрыщыIэм, нэгъуэщIхэми.

ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.

Мыгъущыж уIэгъэ

ЩIалэгъуэм къыпхилъхьэ къарур зыми ещхькъым. ГъащIэм и Iэфыр пкIуху, а къарум укъызэщIеIэтэ, уигъэгушхуэу къыбдогъуэгурыкIуэ. И насыпщ и чэзум ар къыызыгурыIуэм, къэзыгъэсэбэпыфым. Къарум гъунапкъэ щимыIэм и деж - цIыхум и лъэкI къихьынур мардэнэщэ. Нэхъыщхьэр - щIалэгъуэ къарур пщIэнщэу умыгъэкIуэщIынырщ.

СИ тхыгъэ кIэщIыр зытеухуар Лэскэн районым хьихьэ Аргудан адыгэ жылэжьым къыщалъхуа, къыщыхъуа адыгэ щIалэ Иван Володищ. ГъащIэ кIыхь къимыгъэщIами, абы и дуней тетыкIар щапхъэу кьахудохь къытщIэхъуэ щIэблэм, хэкупсэ гъэсэныгъэм и лъабжьэ быдэ хъу цIыхуэхэри а щIалэм эуэдэкъащ.

Къуажэм дэт курыт школыр кьиуха нэужь, Володя ІэщIагъэ хуэхъуну и нэ къызыхуикIыр къыхихащ. Адэ-анэм нэгъуэщI Iэщlагъэ куэдым драгъэхьэхыну хэтами, езыр зыхуэй лъагъуэращ зытеувар. Зыхуеджэнур куэд щIауэ зыгъэбелджыла щIэлэм ахэр пэрыуэфакъым икIи шофёрхэр щагъэхьэзыр курсхэр къиуэри, щалъхуа къуажэм гъэжьэн щыщIидзащ. МэкъумэшыщIэ унагъэщхэм къыщыхъуа щIалэщIэм зэи игу ихуртэкъым и адэ-анэм сыт щыгъуи къьжраIэу щыта псалъэхэр: «Ди напэр кьытумых, уи ади, уи лъэпкъи кьыумыгъэукIытэ. ТIэкIу гугъу уехьми, лIыгъэ, нэмыс, укIытэ зыхэгъэлъэ, ди щIалэ цIыкIу».

Иуанхэ Кушбийрэ Бышэрэ зыщIэдзапIащ. Унагъуэм иуй нэмысым и инагъыр, и куугъыр, ис щыхуэхэр зэрызэхущытыр, нэхъыщIэхэр зэрыгъэсар, нэхъыжьхэм унагъуэм щалэ пщIэр хэти щапхъэу хуэбгъэлъагъуэ хъунут. Зэщхьэгъуэсэхэм я бынхэм щыхухьхьэкIэ-хэтыкIэ ирагъащIэрт. Апхуэдэ бгъэдыхьэкIэми фIы кьишащ. Абыхэм хьэлыныи, щэнныи, мыхъумыщIи кьахэкIакъым: псоми унагъуэ хъарзынэ яхуауэ мэпсэу.

Абыхэм ящыщ зыт Володя ихуха унагъуэ дахэри. ЦIыху зэхъуапсэм хуэдэу кьежьа унагъуэм къыщIихуащ. Чернобыльрэ къыщыхъуа гуауэм и жьы дыджьр. Хэкум и цIыху пэрыт псоми хуэдэу, Володя ежьащ щIыпIэр зэфIэзыгъэувэжынухэм яхэту.

Щалъхуа, щапIа щIыналъэм и дахагъэм, абы хуиIэ лъагъуныгъэм и инагъым кьишащ Иуаныр Украинэм кьыщыхэтныр. Ар, и гъусэхэм хуэдэу, зэманым лъэщIэмыхьэнкIэ щынэрти, жэщ-махуэ жамыIэу зэтекъутэхэр зэфIагъэуважу щIадзащ. Яхуэзэфкlамэ, зэшинтэкъым, зеинтэкъым, атlэ цIыхухэм къатепсыхар дагъэпсынщIэнт, апхуэдизкIэ гуэвэгъуэшхуэт абыхэм ялъагъури. И адэ-анэм къыхалъхьа гъэсэныгъэ нэсыр сэбэп къыхуэхъуащ Володя нэхъ щыпIэ щынагъуэ дыдэм щылэжьэныкIэ. И къалэнхэр псэемыблэжу зэрыззэфIихар, зэрыхуэзэфIэкIкIэ лэжьыгъэр зэрырихьэкIар къалъытэри, Иуаным къратащ «Чернобыль къыщыхъуа насыпыншагъэм и Iэужьхэр гъэкIуэдыным зэрыхэтам папщIэ» медалыр.

Украинэм къикIыжа нэужь, Володя Лэскэн кьиным щыIэ «Леспромхоз»-м шоферу илъэс зыбжанэкIэ щылэжьажащ, и цIэр фIыкIэ къраIуэу. ГуащIэдэкI лэжьыгъэм къыщымыкIуэтми, здэщыIа щIыпIэм и зэран къекIащ. Абы и узыншагъэр кьалъытэри, Иуаным къратащ «Чернобыль къыщыхъуа насыпыншагъэм и Iэужьхэр гъэкIуэдыным зэрыхэтам папщIэ» медалыр.

Украинэм къикIыжа нэужь, Володя Лэскэн кьиным щыIэ «Леспромхоз»-м шоферу илъэс зыбжанэкIэ щылэжьажащ, и цIэр фIыкIэ къраIуэу. ГуащIэдэкI лэжьыгъэм къыщымыкIуэтми, здэщыIа щIыпIэм и зэран къекIащ. Абы и узыншагъэр кьалъытэри, Иуаным къратащ «Чернобыль къыщыхъуа насыпыншагъэм и Iэужьхэр гъэкIуэдыным зэрыхэтам папщIэ» медалыр.

Къэралым, хэкум и зэIуэпэщыныгъэм зи гъащIэр щIэзыта лIыхъужьхэр ди щIэблэм зэращымыгугъупщэным дэтхэнэри дыхущIэкъунщ. Абыхэм зэрахьа хахуагъэр щапхъэщ, зыхэта бэлыхьри нобэми ныжэбэми дыркъуэшхуэу мы щIым телъщ.

КЪАРДЭН Хуэмей.

Ерыскъыпхъэкlэ къызэрагъэпэщ

УФ-м и ФСИН-м и къудамэу Къэбэрдей-Балъкъэрым щыIэм республикэм щIыIэ щIыхэм губгъуэ лэжьыгъэхэм мы махуэхэм щоужьэрэкI. Нобэкlэ гъатхэсэу хьэмрэ нартыхумрэ гектар 350-м тращIащ, Дызыхуэхlуэ махуэхэм сэхураныр хэсэн щIадзэнущ. А лэжьыгъэхэм техникэу щы къыхащащ. Губгъуэм щылажьэхэр республикэм щыIэ колоние №25-м щаIыгъэхэрщ.

УФСИН-м и щIыналъэ управленэм и унафэщIым и къуэдзэ Абазэ Аслъэн зэрыжиIамкIэ, щIыналъэм и уголовнэ-гъэзэщIакIуэ Iэнатlэм щынэхъыщхьэ Iуэхугъуэхэм хохьэ абыхэм я нэIэ щIэт Iуэхущlапlэхэм зыхуэныкъуэ ерыскъыпхъэхэмкIэ езыхэм ирикъуу зыкъызэрагъэпэщыжьыным хуэгъэзэ лэжьыгъэр тэмэму зэтеуухуэныр. КъэкIыгъэхэр хэсэн, зехьэн лэжьыгъэм пэрагъэувэн ипэ кьихуэу, тезыр зытелъхэр профтехучилищхэм щрагъаджэ - зыхуэныкъуэ щIэныгъэхэр, Iэщlагъэхэр щрагъэгъуэт, мэкъумэш транспортхэр къагъэсэбэпыфу яIэсэ.

Мы гъэм гъатхэсэм гектар 600-м нэблагъэ ирагъубыдынущ. Бжьыхьэм гъавэу тонн миниым нэблагъэ кърахьэлIэжыну мурад яIэщ. Абы хохьэ гуэдзыр, хьэр, жэгундэр, нэгъуэщI хадэхкIэр. УФСИН-м и лэжьакIуэхэм къызэрагъэтэмкIэ, кърахьэлIэжа гъавэр щэсынIэ хузэхъунущ КъБР-м и Уголовнэ-гъэзэщIакIуэ Iэнатlэр ерыскъыкIэ ирикъуу къызэрэпэща хъуныи. Абы къыдэкIуэу, езыхэм кьайлекIыну ерыскъыпхъэхэр кьуажэдэсхэм, Iуэхущlапlэ щхьэхуэхэм зэгурыIуэныгъэкIэ иращэнущ.

БАТОКЪУЭ Алыдж.

Накъыгъэм и нэмэз щIыгъуэхэр

● Фи лъэIукIэ

Махуэхэр	Пщэдджыжьыр	Дыгъэр къыщыщIэкIыр	Шэджагъуэр	Ичындыр	Ахъшэмыр	Жасыр
1, бэрэжьей	03.25	04.57	12.13	16.06	19.11	20.51
2, махуэку	03.24	04.56	12.13	16.06	19.13	20.53
3, мэрем	03.22	04.54	12.13	16.07	19.14	20.54
4, щэбэт	03.20	04.53	12.13	16.07	19.16	20.56
5, тхьэмахуэ	03.18	04.51	12.13	16.07	19.17	20.58
6, блыщхьэ	03.16	04.50	12.13	16.08	19.18	20.59
7, гъубж	03.15	04.49	12.13	16.08	19.19	21.01
8, бэрэжьей	03.13	04.48	12.12	16.09	19.20	21.03
9, махуэку	03.11	04.46	12.12	16.09	19.21	21.04
10, мэрем	03.10	04.45	12.12	16.10	19.22	21.05
11, щэбэт	03.08	04.44	12.12	16.10	19.23	21.06
12, тхьэмахуэ	03.06	04.43	12.12	16.10	19.25	21.08
13, блыщхьэ	03.05	04.42	12.12	16.10	19.26	21.09
14, гъубж	03.03	04.41	12.12	16.11	19.27	21.10
15, бэрэжьей	03.02	04.40	12.12	16.11	19.28	21.11
16, махуэку	03.00	04.40	12.12	16.11	19.28	21.11
17, мэрем	02.59	04.39	12.12	16.12	19.30	21.13
18, щэбэт	02.57	04.37	12.13	16.12	19.31	21.14
19, тхьэмахуэ	02.56	04.36	12.13	16.12	19.32	21.15
20, блыщхьэ	02.55	04.35	12.13	16.13	19.33	21.16
21, гъубж	02.53	04.34	12.13	16.13	19.34	21.17
22, бэрэжьей	02.52	04.33	12.13	16.13	19.35	21.18
23, махуэку	02.51	04.32	12.13	16.14	19.36	21.19
24, мэрем	02.49	04.32	12.13	16.14	19.37	21.21
25, щэбэт	02.48	04.31	12.13	16.14	19.38	21.22
26, тхьэмахуэ	02.47	04.30	12.13	16.15	19.39	21.23
27, блыщхьэ	02.46	04.29	12.13	16.15	19.40	21.24
28, гъубж	02.45	04.29	12.14	16.15	19.41	21.25
29, бэрэжьей	02.44	04.28	12.14	16.16	19.41	21.25
30, махуэку	02.43	04.28	12.14	16.16	19.42	21.26
31, мэрем	02.43	04.28	12.14	16.16	19.42	21.26

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Муслымэнхэм я Iуэхущlапlэм къыдитащ.

Дунейм щыхъыбархэр

Я хэкум хуэмыпсэлъамэ

УФ-м Федерацэмкlэ и Советым и УнафэщI Матвиенкэ Валентинэ жиIащ къэралым икIа цIыхухэм, я хэкур ягъэуанашэу псэльауэ щымытмэ, къагъэзэжьынымкIэ щытыкIэхэр къахуэгъэпэщын хуейуэ.

АБЫ и псалъэхэм къызэрыхэщамкIэ, цIыхухэр хамэ къэралхэм щхьэусыгъуэ зэхуэмыдзэхэмкIэ кIуаУ щытыпкIи мэхъу. Псалъэм папщIэ, лэжьыгъэ, щIэныгъэ, унагъуэ Iуэхугъэ я нэхъ гъащIэ насыпыфIэ я къэралхэм щыщалъхьэхуэу. Апхуэдэу щытми, зи гугъу ящIкIэр Урысейм и цIыхуу щытыжьын хуейщ.

«Ахэр дэнэ щыIами, я къэралым и жьауэм щIэту къэнэж, сыт щхьэжьэ жыпIэмэ, Урысейм и цIыхущи. Абыхэм ящыщ куэдым я Хэкум хуаIэ пыщIэныгъэр зэпагъэуркъым. Абы щыгъуэми щыIэщ къэралыр щытыкIэ гугъу къыщицуа лъэхъэнэм зэрикIам кьищынэмыщIауэ, ар ябу къыхуэпсалъэхэр икIи къыхагъэщIэну щхьэхуэпсэр. Мис абыхэм къагъэзэжкмэ, Iэмал имыIэу жэуапым ешэлIапхъэщ. Апхуэдэ Iэхуэхэр бгъэгъу хъунукъым», - къехъ РИА хъыбарегъащIэ агентствэм Матвиенкэ Валентинэ и псалъэхэр.

Мэлыжьыхьым и 26, *мэрем*

♦Радиацэ къэхъукъащIэхэм я зэранкIэ дунейм ехыжахэм я фэеплъ махуэщ

♦ЦIыху акъылым къилэжьа мылъкум и дунейпсо махуэщ

♦Урысейм и Нотариат Iэнатlэм и махуэщ

♦1952 гъэм Мэлбахъуэ Тимборэ Къэбэрдей АССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым и УнафэщIу хахащ.

♦1958 гъэм къальхуащ АР-м и политикэ лэжьакIуэ, театрыдж, журналист, УФ-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **ЩхьэлахъуэКъ Светланэ**.

Дунейм и щытыкIэкIэ

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэриты кIэ, республикэм пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 16 - 24-рэ, жэщым градус 14 щыхъунущ.

Мэлыжьыхьым и 27, *щабэт*

♦Урысей парламентаризмэм и махуэщ. 1906 гъэм лэжьэн щIидзащ Урысейм и Къэрал Думэм.

♦1952 гъэм къальхуащ УФ-ми КъБР-ми щIыхь зиIэ я артист, КъБР-м и Къэрал саугъэтым и лауреат **ШыбэхыуэКъ Басир**.

♦1958 гъэм къальхуащ шэрджэс политик, хьэрычэтыщIэ, псапащIэ **Къззанокъуэ Руслан**.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэриты кIэ, республикэм уфаэ щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 22 - 28-рэ, жэщым градус 15 щыхъунущ.

Зыгъэхъэзырар
ЩхьэщэмыщI Иэзщ.

Лъэпкъ Iуущыгъэ:

Жамыlэ щыlэщи, ямыlуэтэж щыlэкъым.

Жым и хьэкъымрэ щIэм и Iуэхумрэ щызэтехуэм деж

Къэбэрдей-Балъкъэрым и лIыкIуэхэр Ростов щIыналъэм хиубыдэ Мартыновкэ къуажэм щыхьэщIащ иджыблагъэ. КъБР-м и Жылагъуэ палатэм илъэсипщI ипэкIэ къыщащта унафэм ипкъ иткIэ, Мартыновкэ Iэгъуэблагъэм бийм щыщхьэмыгъаазэу щIпэщIэта 115-нэ Къэбэрдей-Балъкъэр щуудзэм и фэеплъу щагъэтIысыгъа Зэныбжьэгъугъэм и жьыр хадзэр ягъэхьэбзащ, щIпIэхэр зэрагъэпэщыжащ.

РОСТОВ щIыналъэм, пыухыкIэу жыпIэмэ Мартыновкэ къуажэм деж, махуэ бжьыгъэкIэ ужьых имыIэу щекIуэкIа зауэ гуащIэм ди щIыналъэм щыщ щIалэ миниплым щIигъуи я щхьэхэр халъхьащ. Сталинград кьалэр рубыдыну ебгъэрыкIуэ нэмыцэ зэрыпхъуакIуэхэр сыт хуэдэ Iэмалкли къэгъэувыIэн хуейуэ къэзыгъэув къэрал упафэр гъэзэщIэным напэмрэ щIыхьымрэ ипэ изымыгъэщ ди хэкуэгъу щIалэхэр сэшхуэ пIцIанэкIэ иужь ихьащ, жыпIэмэ пцIы хъунукъым. Мартыновкэ деж щекIуэкIа зэхуэх хъалъэхэм я екIуэкIыкIар зэфIэзыгъэувэж къэхутэныгъэхэмрэ ПлъыжьыщIэм и дззэешэхэм я гукъэкIыжхэмрэ къэззэрыхэщыжьымкIэ, танкрэ топышэкIэ зэщIэуэздза биидзэр Iэнкун хъуат, шыбгъи ис, сэшхуэр ягъэдалъэу къэзэрыхь зауэлI бжьыфIэхэр щалъагъуи – Хэкум кьыщыжьи сыт хуэдэ Iэмалри иГуэву Iэгуригъэувыр, адэжь лъахэм цIыхум хуиIэ лъагъуныгъэм и щхьэ кIэзыри зэрыщымыIэр абыхэм хьэкъ ящищIат. Ауэ зэпэщIувакъэм я гущащхэр зэтехуэртэкъым – зым зихъмэжьыр, адрейм къизэурти – лъэкIпсыкIыу зэпэщIууващ. Адыгэхэр лIыгъэжькIэ зэдажэ хахуагъэ иныр кьызыкIуэкIа 115-нэ Къэбэрдей-Балъкъэр щуудзэр ди щIыналъэм имызакъуэу, къэрал псом и тхыдэм кьыхэнащ, щалъхуа хэкур зэрахъумэм и щапхъэ нэси хъуащ.

Апхуэдэ гукъэкIыр кьыхэзыIутхъэ щыта, Налко Залым и цIэр зезыхьэ, Техник ныбжьыщIэхэм я станцым и Дзэ-хэкупсэ станцым и унафэщI Гулажкин Беслъэн зэрыжиIамкIэ, КъБР-м и Жылагъуэ палатэр арэзы зытехуэуа Iэхэгъуэ дахэм «Къалэ щхьэнтIагъэхэр» IэхэущапIэр кьеуфэлIащ, жыгыщIэхэр жрэдэмщIакIуэхэм къаритри, ар Зэныбжьэгъугъэм и жыг хадзэм кьежьапIэ хуэхъуащ.

«Ди хэкуэгъуэм я фэеплъэр хъумэным хуэунэтIа жрэдэмхэр кьыщыхэтIахъэм, Къэбэрдей-Балъкъэрым и щIыдзэльхъэтIым игъащIэми кьадэгъуэгурыкIуэ хабзэм тету, жыг хадз гъэтIысынкIэ игъуэу къалъытауэ щытащ. КьыхэзгъэщIыну сыхуейт 115-нэ щуудзэм хэта ди щIалэхэм я фэеплъыр хъумэным хуэунэтIауэ Мартыновкэ къуажэм дэсхэм дэ нэхърэ куэдкIэ нэхъыбэ зэращIэри зэрахуэзэфIэкIари. Мартыновкэ дэт курыт еджапIэмэ къэрал IуэхущапIэхэми абдеж щекIуэкIа зауэ гуащIэм и фэеплъыр щацхъумэ, мудэй кьыщызэрагъэпэщащ, уэрамхэм лIыхъужьхъэм я щIэкэр фIащащ. 115-нэ щуудзэм хэтахэр дэ дыщикэхуэгъукIэ, кьыттехуэрт я фэеплъыр иджыпсту зэрыщытым нэхъырэ нэхъ лъагэу къэзэтIэтыну. А гупсысэм дызэщIыIыгъуэрэ тэлай дэкIащ. Молпхуэдэ жэрдэмыр кьыщыхэтIатхъэм, занщIэу гъуэгу игъэтащ. 2014 гъэм мэлыжьхьыым и 16-м Мартыновкэ щIыналъэм щыIпIэ унафэр щызэхьэзэмрэ и IуэхущапIэхэм я лэжьакIуэхэр ди гъуэгу псей щхьэнтIэ, пхъэхуей, шыкIуртIымщхэу жыг хыщI-хыщI дгъэтIысыжащ. Абы къыщыхэмащIауэ, тонн пщцырпщI я хьэлъэгъыу фэеплъ скъар мывэшхуитIи абдеж щыдгъэувыжыгъат. Абы лъандэрэ жыгыщIэ цIыкIухэр кьызэщIэрыуаг, хадзэм зиубгъауэ, ар щIыпIэм щыпсэу цIыхухэм я зыгъэпсэхупIэ хъуащ. Нобэ Зэныбжьэгъугъэм и жыг хадзэм курыт еджапIэр къэзыух щIалэгъуалэр нэхущыем щыпохьэ, унагъуэ зэдзэпыщIа ныбжьыщIэхэм Мыужьхьыж мафIэм кьоIуалIэри, удз гъэгъахэр щытралъхьэ, хьэщIэу къакIуэхэм зыщагъэпсэху. Уи нэхъыжь плъытэнымэ, я фэеплъыр пхъэмэнымэ, жыг хадзэр гъэтIысыным хуэдэу гупсысэфI щыIэу къыщIэкIынкъым. Дрогушхуэ зытедубыда жэрдэмыр щIагъуэу къыщIэкIам», – жиIащ Гулажкин Беслъэн.

Дзэ-хэкупсэ центрым 115-нэ щуудзэм техуахуэ ящIа гукъэкIыр зэрагъэзащIэм кIэлъыплъ, Жылагъуэ палатэм щэнхабзэмрэ хъыбарегъащIэ Iэнатlэхэм ядэлэжьэныкIэ и кIудамэм щыщ, жылагъуэщэнхабзэ проектэр гъэзэщIымкIэ «Мир» зэгурыкIонымкIэ и Iуэхущапхъэ щыщ Уэрдокъуэ Юлэ пэхуэщIэм иригушхуэу къыхихыгъэ щIалэ щыщ. Дыгуасэ курыт еджапIэр лэжьыгъэ щхьэпэу, цIыхуэхэр зыгъэгупсысэ, лъабжьэгъэ щхьэпэ зэрыщIэщIыж бгъэдыхьэкIэу къыздэсыщIэкIар.

«Пэжыр жысIэнщи, 115-нэ щуудзэм и хъыбарыр зэхэсхами, ар зэрызэуам, апхуэдизу и цIэр щIалэтым техуахуэ сшIэ щыIэтэкъым. Ауэ шым тес ди щIалэхэр танкыдзэм зэрыпэщIэтар, бийр кьыздэсам кьыфIамыгъэкIыж щхьэкIэ шыщхьэмыгъазэу зэуапIэм зэритар щызэхэсхам, кьэдэр зыкIыхсухэщIэжакъым, ар апхуэдизкIэ зыхэсщIати. Абдеж кьыщазэгъажэри, 115-нэ щуудзэм тех-хуауэ сыт зэгуэтми зэхуэсхьэсу, зджыуэ, Iэмал зэриIэкIэ абыкIэ цIыхухэм садзэгашэу щIэздзащ. Си гур щIоуэ ди зауэлI щIалэхэм я фащэ екIуэкIар махуэщI пэкIу закъуэм фIэкIа щатIэгъэкIыну Iэмал зэрамылар. 1942 гъэм и накъыгъэ мазэм 115-нэ щуудзэм хэхуа щIалэхэр Налшык кьалэ, Къэбэрдей уэрамым джэ, даущ макъышхуэм щIэту ирикIуэри, я гуэгур я занщIэу Ростов щIыналъэм кIуаауэ щытащ. Дыгуасэ курыт еджапIэр къэзыухуа щIалэщIэ дыдэхэм щегъажьауэ зи ныбжьыр илъэс щэ ныкъуэм щхьэдэхауэ абы хэта дэтхэнэ зы зауэлIми и цIэр тщIэжыныр, ди щIэблэр абы я лIыгъэм щыгъэгъуэзэныр политикэ гъащIэм кьрихьэкI жьыбгъэукъым къэлъытэн зэрыхуейр, атIэ, пэж дыдэу, ар ди блэкIауэ, дымыщIэмэ, къэкIуэн дызэримыIэр ди фIэщ хъуэщ щIалэгъуэм зэрабгъэдэлъхьэн хуейр. Мы сызытепсэлъыхьар гукIэ зэрызыхэсщIарами, иужькIэ Iуэху сщIыуэ нэхъ куууэ селэжьыну сыззэрыхуежьарами, нахуэ хъуащ 115-нэ Къэбэрдей-Балъкъэр щуудзэм хуэфащэ пщIэ зэримыгъуэтар, абыхэм я Iуэхур Iэмал зэриIэкIэ къэIэтыжьын зэрыхуейр. Апхуэдэурэ къэунэхуащ «Бэракьэр лъагэу Iэтаущ» зыфIэтща проектыр. 115-нэ Къэбэрдей-Балъкъэр щуудзэм зи бын е зы Iыхьлы гъунэгъу хэмыта унагъуэ куэд ди щIыналъэм щыпсэуркъым, щIалэхэм ятеуху гукъэкIыжхэр иджыри яхъумэ, аэр зыщIыхуж нэхъыбхъэр иджыри псэуц. Си гугъэмкIэ абыхэм ящIэни, жыг хадзэр хъумэным икIи егъэфIэкIуэным я гуащIэ кърахьалIэни хуейц. Ар кьазэнышхуэщ, цIыхубэм яльэгъэIысыни, зыхеГъэщIэни хуейц. Гулажкин Беслъэни, абы и дарэгъуэмки фIыщIэ яхуэфащэщ уэзрыгушхуэ зэрыпхъэ щхьэкIэ», – жиIащ Уэрдокъуэ Юлэ.

ЦIыху нэс бгъэсэнымэ, кьыщыхуа щIалналъэм хуэпэжу, кьызыхэкIа лъэпкъым хуэщцпкъэу щIалэгъуалэр кьэбгъэтэджынымэ, тхыдэм щIэпкIыкIын хуейц. Абы шэч хэлъкъым. Нобэ тхьдэр эблащIну, щыIар щымыIауэ кьыщIагъэдэкIну хэтхэр машIэкъым. Абыхэм уаззрыпсэщIэуфынур щIэнысгъэщи, нэрылъагъуу я пащхьэ иплъхьэ, зыщыбгъэгъуаззэ дэтхэнэми ныбжьыщIэхэм я зэхэщIыкIым кегъахьуэ, я щIэныгъэри зэтес ещI. ЩIыпIэ жьыжьэхэми щагъэтIыса Зэныбжьэгъугъэм и жыг хадзэри. 115-нэ Къэбэрдей-Балъкъэр щуудзэм и бэракъ зэрагъэпэщыжари ди ТекIуэныгъэм и зы дамыгъэ, абы ди щIыналъэм хуищIа хэтхьэныгъэми и зы нэщэнэщ, ауэ, нэхъыщхьэраци, зауае мафIэсым зи щхьэ хэзыльхьа ди щIалэхэм я цIэкэр лъагэу зыIэт, я фэеплъыр пIэхъэнэбгъэм щызыхъумэн Iуэхущ. Жьым и хьэкъымрэ щIэм гурыIуэху, зыхиущIэу, игъэпэлIэну, щIэблэ узынши яхьэзыгъэщIэхъэунум щэч хэлъкъым.

ШУРДЫМ Динэ.

● Гукъеуэ

ЦIыхухэми дунейми защигъэнщIыртэкъым

Зыр адрейм пщигъэгъупщэжу гуэзвэгъуэ куэдым ущыIуощIэ гъащIэм. Уэ бзаджэ, кьэхъукъащIэ шынагъуэ, тхьэмыщкIагъэ жыпIэми, ауэ псори IэщIыбэ уэзыгъэшIри зыми хуэмыдэжу абрэмывэм нэхърэ нэхъ хьэльэри бын гуэзвэгъуэращ. Нэгъабэ гъатхэм апхуэдэ гуIэгъуэр кьатепсыжащ Урыкъ къуажэм щыIэ Гунэкъуэхэ Беслъэнрэ Иринэрэ я бынунагъэушхуэм...

ЗЭРЫБЫНИЙ (зэщхьэгъусэхэм щIалилIрэ хуэджэбзилIрэ яIэт) зэщIэс унэм мафIэ кьыщIэнэу зы ныкъэмкIэ щисам къащIащIынуу псом я щхьэр къащIащIауэ хьащIыхьат ар зэхэзыха дэтхэнэмэ. Хэт ищIэнт илъэс иримыкъу нэхъ дэмыкIыу дзэм кьулыкIу щищIэну ираджа щIалэ пажэм – Елдар – ажалыр абы кьыщыпэплъэу. Къаралым кьулыкъу щыхуищIэр Чита кьалэрат. Нэхъыщхьэхэми я гъусэ щIалэхэми пщIэ кьыхуащIырт адыгэ щIалэм, зэрыгуапэм, нэжэгужьм, и пщэ дэплъхьа сыт хуэдэ Iуэхури нэгъэсауэ зэрыгъэфIихыкIыж кьыхэкIыу. Кьуажэ кьыщыхъуа, зи сабийгъэр матэ щIэдзауэ пхужьмыIэну Елдар сытыт гугъуехьым щIыщышынэнур? ЩIымышынэм и закъуэтэкъым, ифIэфIыпсу сыт и пщэ кьыдалъхьэми игъэзащIэрт.

Чита ирашри зыщагъэсэну Курск областым яшат зы гуп, Елдари яхэту. Махуэ тIощIрэ езанэм (2023 гъэм мэлыжьхьыым и 4-м) и псэр щигъэнащ абы и Суджэ районым и зы кьалэ цIыкIум. «Фыхуэсакъ, хъыбарыщIэхэр» зи фIэщыгъэ телеграм-каналым итхыгъащ Тэтэрстаным щыщ, зи ныбжьыр илъэс 20 хьу Радмир Ф. игъуэя автомат фочым и шэр и гъусэу кьулыкIу зыщIэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщ Елдар Гу. и щхьэм зэрымыщIэкIэ зэрытехуар, зэуззэпэсэуи зэриуклар. КьэIуэтэгъуейщ адэ-анэм я гущIэм щыхъэмрэ и анэкъитьхэм яхуэзмыгъэзахуэу ягъэв гъэзвэгъуэмрэ.

Хамэ гуауэр уи гум щIэбгъэкъэ мыхъуну куэдрэ кьызжиIэу щытащ си анэшхэрэм. АрщхьэкIэ абы сытетыфкъым сцIыхуу, сызэпсэльауэ, зи Iуэху ептыкIэ сыщыгъэзэу зыгъэ щысIэщIэкIкIэ. Гуаузр тIуащIэ-щащIэ мэхъу гъащIэм гу щызымыхуа цIыху щIалэ, Елдар хуэдэхэр, дунейм щехьжкIэ. Сыт щхьэкIэ? Хэт и гуэныхь япшыныр? КудкIэ сызоупщIыж сабий псэ кьабзэжэм дунейр къащIетуенкIыфIэм и деж. Си хъыджэбзым и классэгъути, сыхуэзэрт Елдар, телефонкIэ дыщызэпсэлъи кьахъурт. Си щIалэ цIыкIур школым кьикIыжу хуэзамэ кьишэжырти, «мамэ сэлам схуехьж» псалъэзэр и гъусэу кьыдигъэхьжырт. Зы бэлыхь ищIэну хунэмысами, зэран хьуну зы масти Iэщ1эщIакъым Елдар псэухУ. И цIэр хэт жиIэми гуапэу, щабэу, гу пщIанэу, хьэлэлу, нэфIэгуфIэу, щIыухкIэ зимыгъэнщIу дунейм зэрытетаращ кьыхэнащIэр.

Си закъуэтэкъым Елдар апхуэдэу гуапэу зыхущытыр, нэхъыхьми нэхъыщIэми псалъэ хахуигъуэтырт. И классэгъу щIыкIуэр и Iум иригъэпщхьэным хуэдэу фIыуэ ильагъурт, абыхэм я адэ-анэхэр зи игъэгъащIэртэкъым, егъэджакIуэхэм пщIэ яхуищIырт. Кудрэ кьохъу мыпхуэдэу: цIыхур дунейм ехьжа иужь дуней цIыхуу зэрыщымытар хьэкъ пщыхьуу. Апхуэдэт Елдари, апхуэдизкIэ псэ кьабзэт, хьэрэмыгъэншэт, псэунэу пIащIэрти, кудрэ гъащIэм зэрыхэмыгъэфынур и нат1эм тетми ярейт. Хьэмэрэ куэд кьэзыгъэщIну кьызыхуимыIэ ха цIыхур апхуэдэ нэхъуеиншэу кьалъхуу ара?

Нэхъ гъунэгъуу Елдар кьыщыцIыхуар школыр кьыщащхьым екIуэкIа иужьрей узэдджьнэмрэ нэхущым щыIущIэ пшыхьымрэт. Абыхэм щыгъуэ ди щIэныгъэ ящIа абы гъащIэр фIыуэ зэриплъагъур, псоми зэрахуэгумащIэр, и классэгъуэм зэрызащимыгъэшIыр, къэфэнкIэ, джэгункIэ емызэщI сабиишхуэу зэрыщытыр. Гукъыдэжу иIэр апхуэдизкIэ кьибыргъыкIырти, «Елдар, уи къарур нэху щыхуэ урикъун хуейщ, зумыуклыж», - жысIэри сыдигъушIат. УзыIэпызышэу ину дыхьэшхри, апхуэдэ куэдым хурикъун къару иIэу кьызжиIат. Сыкъэгъэпца, хьэмэрэ гъащIэр апхуэдэу щыкIейуэ кьыдэгушIа? Тхьэм ищIэнщ.

Дунейм ехьжьыным зы мазэ нэхъ иIэж кьыщIэкIынтэкъым Елдар телефонкIэ иужьу сыщепсэлъам. Къэзмыщыхужу гукъыдэжьнышт, «зэшыгъэущ, зэ мы мазэхэр блэкIыу сынэкIуэжам арат», - кьызжиIат адрей кьызэпсэлъылIахэм кьыдэкIуэу. Гуауэр кьэхъуа иужь куэдрэ сегупсысащ, сыту пIэрэт ар кьызыхихар, дымыщIэ гуэр и псэм щыхъэрэт, хьэмэрэ... Сэ сызэрыщыIуаузэмкIэ фIэфIу кIуат ар армэм.

Илъэс дапщэкIэ псэуами анэм жиIэн жугъэнуцу бащэкIэ зыщыгугъэшу унагъуэм кьыщыжэпхъа и щIалэм теухуауэ. КъэкIуэжьнымк мазитI иримыкъут иIэжьр, кьуэми анэми маухуэхэр, сыхьэтхэр ябжьрт. ЗдэщIыпIэ щыпIэр зэрыщIыпэм кьыхэкIыу, Курск къаша иужь дыгъэм видео трихьуэр Ирэ кьыгуэхъыьрт, «мамэ, епIыпт, епIыпт» жиIэурэ. «Елдар, дыдейкIи кьыщопс мы дыгъэр», - жысIэрт ар зэригушIаГъуэм щхьэкIэ сыдихьэшхьэрэ. Иужьрейуэ кьызэрыхуепсыр ищIэу кьыщIэкIынт...»

Елдар псэужамэ, мэлыжьхьыым и 18-м и ныбжьыр илъэс 20 ирикъунут. Зи насып ямылъэгъуа щIалэр ящыгъэгъупщэн гуауэ ямылъагъуну, и ужьыр махуэ яхуэхъуауэ бын гуфIэгъуэ Беслъэнрэ Ирэрэ дяпэкIэ куэду хэплъэну Тхьэм жиIэ!

ИСТЭПАН Залинэ.

Италием бзылъхугъэу исым дахагъэкIэ ефIэкI адыгэ анэт

● Ди хъэщIэ тхьапIэ

Италием щыщ тхакIуэ, да Винчи Леонардэ и тхыдэмрэ лэжьыгъэмкIэ щIэныгъэлI нэхъыщхьэ Вечче Карлэ и Iэдакъэ къыщIэкIа «Катеринэ и гуфIэкIэр: Леонардэ и анэ» романыр Налшык кьалэ щагъэлэгъуащ мы махуэхэм. Катеринэ и хэкур и нэкIэ зрилъэпсынуну щIэхуэпсщIэнэлIым къехъулIащ и хъуэпсапIэ нэхъыщхьэр – ар махуи 5-кIэ щыхьэщIащ Къэбэрдей-Балъкъэрым икIи апхуэдизу хъащIыкъ зыхуиIэ адыгэ лъэпкъым и щэнхабзэ дахэм хагъэлъащ.

ДЫЗЭРЫЩIГЪУАЗЭЩI, иджыблагъэ Италием кьыщыщIэдзащ да Винчи Леонардэ и анэ Катеринэ теухуа тхыпIэ. КъызэрыхэсщIкIэ, 15 - 16 лIащIыкIэхэм псэуа итальян сурэтыщI, архитектор, щIэныгъэлI гъэзэджэ, тхакIуэ, макъамэтх, уэзщIакIуэ да Винчи Леонардэ и анэр адыгэт. ЩIыхьэуиту Адыгэ Хэкум (Черкесием) щыпсэуа, гъэрыпIэ ихуэу щIыналъэ жьжьэм къыщыхута, уэнэут хуэа бзылъхугъэм теухуа тхыпIэм апхуэдизкIэ щIэупщIэ иIэщи, къэрал 15-м хуитыныгъэ я къащхъуащ ар я бзэкIэ зэрадзэкIыну.

Езы Вечче Карлэ зэрыжиIамкIэ, да Винчи Леонардэ и адэр хэтми сыт хуэдэ лъэпкъ къыхэкIами ныIэу къэгъэугурыкIуащ, ауэ кьэзыIыхуа и анэм щыщ ныIэу тхыдэм зыри кьыхэущыжыгъэкъым.

- Зыхалъхуа лъэхъэнэм апхуэдизу пщIыпIщу кьыхэлыдыкI сурэтыщI, уэзщIакIуэ да винчи Леонардэ и зэфIэкI тепъыджэхэр кьызэрихьам псэнэгъуэ кьызитыртэкъым. Ар зыми емыщыж, псоми еофIэкIыну апхуэздэт, и анэм ещхь хуэжауэ кьыщыхьурт, ауэ кьэзыльхуар зэтти сщIэртэкъым. Илъэс куэдкIэ сыльыхъуащ сэ абы и анэм. Ауэрэ дэфтэрэхэм сы-хэсу срохьэIэ ешы бгъэдэ Леонардэ и гурыльхэр, гурыгъуу гурыщIэхэр, гупсысэхэр иритхэу иIыгъауэ щыта жьпт тхьылъ щыкIым. Абдежщ пIэ дыдэ Катеринэ щIэм сыщрихьэлIар. Зытепсэлъыхь Катеринэр хэтми кьызгурыIуэгъэткъым, ауэ а бзылъхугъэм и тхыдэр кьэтIэщIын хуейуэ кьыщыхьурти, иужь сихьащ. Ауэрэ кьэзгъэутыжащ дэфтэр гуп. Леонардэ ди анэIут Катеринэ кьыльхуауэ, щIалэр илъэси 10 ирикъуу и анэм ирагъэпIауэ, иужькIэ ар и адэм къритыжауэ къэзыIуатэхэр. Езы да Винчи и IэкIэ итхат «Италием бзылъхугъэу исым дахагъэкIэ ефIэкI си адыгэ анэу Катеринэ», - жиIэу. ЩэщIэгъэунэщIэ ссцIыхьуа бзылъхугъэр Италием кьызэрыщIэхута щIыкIэр, ар кьызэдкIа щIыналъэм къэсщIа нэужь, Черкесие жиIэу пасэрей картэжьхэм кьыхэгъэщIыкъэхуkIа хэкум щыпсэу лъэпкъым и тхыдэмрэ щэнхабзэмрэ щIэзджьыкIыным кьыхьащ. А лъэхъэнэм Адыгэ щIыналъэм, Абхъазым ирадыгукIыурэ сабий, ныбжьыщIэ куэд хуэ адрыщI кьыщыхутэрт. Катеринэ арат и натIэ хъуар. Ауэ ар апхуэдизкIэ гъэсат, IэщIэлъэпащIэт, щIэнфIэт, дзыхь хуащIыртри, Леонардэ кьэжэгъэхьыу ирагъэпIыжа-уэ щытащ, - жиIащ щэныгъэлIым.

Леонардэ и адэ Пьеро ди Антонио да Винчи нотариусу лажьэрт. Адэм кьуэм Iэпкъыу Iуэху нэхъыщхьэ ящуэхъуа Iэщ1агъэт ари, щIэныгъэ зыбгъэдэлъ, пщIэшхуэ зыхуащI унагъуэм дежкIэ щхьэфIэкIт нэчыхьыншэу кьалъхуа сабийр. Унагъуэм ирагъэкIыжкI нотариалъ-нэ тхылъым Леонардэ и адэшхуэм 1452 гъэм мэлыжьхьыым и 15-м, сыхьэт 22.30-м иритхащ: «Ныжэбэ кьуэрыпIху згъэутащ. Абы фIэтащащ Леонардэ».

ТхакIуэр щыхьэт зэрытехьэмкIэ, Леонардэ балигъ хуэда нэужь и анэ Катеринэ (романым кьызэрыхущыжьымкIэ, Екъуб ипхъу Уафэнэжу) зришэлIэкри, лIэху зрихьэжащ. ИкIи Уафэнэку дунейм щекьжам пащтыхь гущцэм хуащI пщIэ кIэлъызэрихьэу, мылъкушхуэ тригъэкIуадэу щIилъхьэжащ ар и кьуэм.

- Абы щыхьэт текъуэ дэфтэрэри кьэзгъэутыжащ. Уеблэмэ апхуэдэ дыдэу етх езы Леонардэ: «Катеринэ и хьэдэщIэлъхьэм текIуэда мылъкур»... А зэманыр хьэльэт, цIыхухэр кьадыгун, щэн, къащэхун жьхуэпIэр кьыхэзрыгуакI Iуэхут. ИкIи щIыпIэ жьжьэхэм кьраш пщащэхэм гъэгъуанэр яхуэмышэчу, узыфэ зэхуэмыдзэкIэ кьеуалIэуфэ илыкIыт. Ауэ Уафэнэжу лъэпкъ лъэщ, узынщэ кьызэрыхэскIам и щыхьэту кьызэтенат. КьышынэмыщIауэ, ар апхуэдизкIэ тепIъафIэт, щыкIафэрти, Италием нэхъ лъэпкъышхуэ дыдэу ицхэм ящыщ зыбы – да Винчи - щыщ щIалэр щыщкихьэхат. Ауэ ахэр зэрыщIэу итальян хабзэм идэнэтэкъыми, сабийр дунейм кьытехьа нэужь, Уафэнэжу хуитыныгъэ ирати, лIы дагъэкIуэжауэ щытащ. Гу лъытапхъэщ адыгэ пущащэр Iэпщ1ыпащIэу зэрыщыстам кьыхэкIыу, уасэшхуэ зэраIари. Псалъэм папщIэ, ахэр дыщэидзмкIэ лъэщт, лъэпкъ Iэзэгъуэхэм хащIыкIырт. Апхуэдэт Катерини. КьышынэмыщIауэ, абы хьарэнэу сурэт ищIу щытагъэнуц, араш Леонардэ я зэщхь хьужари, - кьыхигъэщащ Вечче.

А псоми ущыгъуаззэмэ, нэхъ гъэщIэгъуэныж пщохьу иджыри кьэс зи щэхур кьахуэмыIэщIа, Леонардэ и сурэтхэр. ГурыIуэгъуэ «Мона Лиза»-р хэт абы трищIыкIами. Вечче Карлэ зэрыжиIэмкIи, пэжщ, да Винчи и сурэтхэм псоми кьищIар зи бзылъхугъэщ – апхуэдизу зыхуэзэщу, фIыуэ ильагъуу щыта и адыгэ анэрщI!

- Да Винчи Леонардэ и сурэтхэм набдзэгубдзапIъэу уриплъэмэ, нэхъыбэм кьищIар машIэу пыгуфIыкIыу, теплъафIэу зы бзылъхугъэ зэпIэзэрыщ. ИкIи куэдрэ дрохьэлIэ абы и щыбагъ кьурш кьыздэту. Италием кьыщыпхуэгъуэтынукъым а кьуршхэр. Сыту жыпIэмэ, уэс тельу кьурш лъагэ щыIэкъым ди щIыналъэм. Ауэ щыхъукIэ, а кьуршхэм Леонардэ зыгуэрым кьыхутепсэлъыхьауэ, ар сурэтыщIым и нэгу кьыщIигъэхьэурэ итхьжауэ аращ. ЩэщIагъэлIхэм ирагъэкIуэкIа кьэхутэныгъэхэр щыхьэт тохьуэ абы. Сэ быдэу си фIэщ зэхьу да Винчи и анэм щыбгъэдэса и сабиигъуэм хуаIуатэу щытауэ Уафэнэжу щалъхуа щыIналъэ жьжьэм и теплъэ дахэр. Езы Леонардэрэ щIэхъэупсу щытагъэнущ и анэм и хэкум кьыщыхутэну, аращ абы и сурэтхэм эзш щIэнщэрэ нэщхьей гуэрэр щыIэхьлыр, - кьыхигъэщащ хьэщIэм.

Адыгэ лъэпкъым и тхыдэмрэ щэнхабзэмрэ фIэгъэщIэгъуэну зыдж щIэныгъэлIым Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэлъа махуи 5-м кьурибыдэу джэгушхуэ хуэзхашащ, лъэпкъ фащэм и дахагъэр ирагъэлъэгъащ, Уафэнэжу и кьуэм хьыбару хуиIуатэу щыта Iуащхьэмахуэ лъапэм яшэри, и нэгу зрагъэужащ, ди лъэпкъ шхын Iофхэр Iуагъэхъащ. КьищынэмыщIауэ, Вечче зыгъэхьэщIа Сэралъпхэ Албертэ Мадинэрэ тхакIуэм цей екIу тыгъэ хуащIащ, «Акрополь» рестораным да Винчи Леонардэ кьыщыхуэIуэха пщэ-музеим щIэныгъэлIыр ирагъэблагъащ, шхапIэм и унафэщI Къардэн Хьэсан щIэныгъэлIыр кьихъэхьэщIащ.

- Си хьэузэлIэ нэхъыщхьэ: бзылъхугъэ - слъэгъуащ Уафэнэжу и хэкур! СыщыкъэщIащ ар хуиту щызэхэзекIуэу щыта щIыналъэм. ЩIыпIэ жьжьэм кьыщыхута пщащэм кьыщIэкIуа щIэкIуэ щIалэ цIыкIум дыдэ зэрищIэнщ нобэ. ДыгуфIэу, дыгуашхуэу, ди гур хэхуэу дызэбгъэдэтащ. Абы кьикIыр зыщ – мамыры-псэрэм лъагъуныгъэмрэ кьарушхуэ зэрахэлъыщ. Сыхуейт ныбжьыгъуэм пщIэ хуэтIыну, фIымрэ дахэмрэ ди гъуаззу псори мамыру дыпсэуну, - пшыхьым и кIэм щынэсым хъуэхъуащ Вечче.

Мы зекIуэм ипкъ иткIэ, Вечче Карлэ КъБКъУ-м и егъэджакIуэхэмрэ студентхэмрэ яIущIри, «Кавказ Ищхъэрэм и генуэз къалэхэм» тепсэлъыхьащ. КьищынэмыщIауэ, абы зэдзэкIакIуэу, гъуаззу щыгъуу хэкум кьекIуэлIэжа, физико-математикэ щэныгъэхэмкIэ доктор, Италием ядернэ къэхутэныгъэхэмкIэ институтым и унафэщIым и кьуэдзэ, профессор Дэбагъуэ Сультан КъБКъУ-м лекцэ щигъэкIыжащ.

ФЫРЭ Анфисэ.

Зыхуей хуагъазэ

Шэджэм кьалэм зэIуэзэпэщ щащIынущ КIарэм и цIэр зезыхьэ, Надречнэ уэрамхэр, щIыналъэ сымаджэщым и Iэгъуэблагъэр, абы хуэзэ фэтэр куэду зэхэт унэхэр, Шэджэм псым и Iуфэхэр. Лэжьыгъэхэм хиубыдэнущ лъэс зекIуапIэхэр, транспорт гуэвыпIэхэр. Абыхэм къадэкIуэу, цIыхухэм я нэгу зыщIрагъэжьыжьащ щIыналъэм и спортым, гъэмахуэ эстрадэм хуэщIа утыкуэхэр, скейт -паркхэр, джэгупIэхэр, къэкIухьыпIэ щIыпIэхэр хэту. Иджыпсту лэжьыгъэр зэраублэнум зыхуагъэхьэзыр.

ШЭДЖЭМ ЕтIуанэ - Шэджэнщыкlу гъэзугри зыхуей хуагъазэ. Километри 3,5-рэ зи кIыхьагъ, курыт школхэр, поликлиникэ, сабий сад, спортшкол зытет Лениным и цIэр зезыхьэ уэрам нэхъыщхьэри къагъэщIэрэщIэж. Мы зэманым лэжьакIуэхэм асфальтыр тралъхьэ. Абы кьыкIэлъыкIуэу гъэзугу зэпыкъэнIэхэр, кувбжэпэхэр зыхуей хуагъэзэнущ, щынагъэнщагъэм ехьэлIа хуэIуэхуэщIэхэр зэфIагъэкIынущ.

«ГъэугуфI щынагъуэнщэхэр» лъэпкъ пэхущIэм хиубыда я лэжьыгъэхэр гъэмахуэм ирихьэлIэу и кIэм нагъэсынущ.

«ЦIыхуэхэм япэу зызыхуагъазэ медицинэ Iуэхущ1апIэхэр егъэфIэкIуэн» щIыналъэ программэм хиубыдэу ХьэщIыкIум и цIэр зезыхьэ щIыналъэ сымаджэщым махуэкIэ щеIзэз и кьудамэр зрагъэпэщыж. Пэшхэм щIэлэжьыхьащ, унащхьэ зэрахьуэкI, псыр унэм зэрекIуалIэ, кьызэрагъэплъ бжьамийэр, ток кIапсэхэр яхьуэж. Сымаджэщым кьыщызэIуахынущ иджыпрей Iэмэпсымэхэмкlэ кьызэгъэпэща, уэзыфэжэр кьыщахутэ пэшхэр, лифтхэр зэрыжьынущ, дзэпыкъуэгъу псынщIэм и машинэхэм я кьекIуэлIапIэм и щытыкIэр ирагъэфIэкIуэнущ. Лэжьыгъэ псори гъэм и кIэм яухыну я мурадщ.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

Тхылъхэм я лъахэм

Мы гъэм ди къэралым епщыкIущанэу щекIуэкIащ «Библионочь» Iуэхур. Библиотекэхэм, музейхэм, щэнхабзэмкIэ зэхэсыгъэхэм щыкIуэкIащ пшыхьэр, дерс зэIуахэр, зэIущIэхэр, конференцэр, уэрэрэхэр.

МЭПБАХЪУЭ Тимборэ и цIэр зезыхьэ Лъэпкъ библиотекэр жьыджэру хэтащ тхылъхэм теухуауэ екIуэкIа Iуэхухэм. Библиотекэшхуэм и кьудамэхэм кьыщызэрагъэпэщащ «Зэрыунагъуэу додж» гупсысэм тет Iуэхугъуэхэр.

Тхылъ щведжэ пэшым «Къэбэрдей-Балъкъэрым и лъэпкъхэм я хабзэхэмрэ щэнхабзэхэмрэ зыдогъэщIыну» зэIущIэр щекIуэкIащ. Абы къебгъэлъахэр щIэдэIуащ адыгэ, балъкъэр къуажэхэм я тхыдэм, псэупIэхэр щаухуэкIэ къагъэсэбэну щыта Iэмэпсымэхэр зыхуэдам тхылъхэр библиотекэм и лэжьакIуэхэм жаIащ.

Акъудамэм кьыщыззэрагъэпэщащ «Унагъуэм и лъапIэныгъэхэр» зэIущIэр. Абы кърагъэблагъащ КъБР-м ис мусылъымэнхэм я IуэхущапIэм и унафэщIым и кьуэдзэ, «Пэгъунэгъуэм дэIэпыкъу» жыларэ зэгухьэныгъэм и унафэщI Сыжажэ Алим, Марие Магдалинэ и члисэм и дин лэжьакIуэ, иерей Осипов Константин, Мусылъымэхэм я дин Iуэхущ1апIэм къегъэщIыла «Гупсэху» («Гармония сердец») бзылъхугъэ клубым и унафэщI Амщокъуэ Анджелэ сымэ.

Библиотекэм кьэкIуэ ныбжьыщIэхэм

Напэкlэуцlыр зыгъэхьэзырар **ГУГЪУЭТ Заремэщ.**

Усэхэм хъуэпсапlэхэр щопсэу

Цlыкlуэх, фэр папщlэ гъэпса адыгэ литературэм щыщ фыхэдгъэпльэну дыхуейц, адыгэ усэ фlыуэ фlыуэ дгъэнту, анэдэлъфыбзэм пщlэ хуэфщыну, нэхъ ин фыхъуху нэхъыбэ фыкъеджэну, дунейм и дахагъэр къыхэфlьагъуэкlыфу фесэну дыфщыгугъыу. Нэхъ гъунэгъуу фэдгъэцlыхуну сабий усакlуэ, «Адыгэ псалъэ» газетым и лэжьакlуэ Хьэщыкъуей Олег и lэдакъэщlэкlэхэр. Усакlуэм щхъуэжьгъэпльыкlэу гъэщlэрэщlауэ къыдигъэкlащ «Пшэ хужь цыкlу», «Тхьэкlумэкlыхь lущыщэ», «Къуэйлпльыжьклэрыщlэ», «Жьыринэ» тхылъхэр.

Хьэщыкъуей Олег и усэхэр щlэщыгъуэщ, нэжэгужщ, зэгъэщlэгъуафlэщ. Сыт ахэр нэхъ зытеухуар, жыфlэмэ, щlыуэпсым и тепъыджагъым, къэхъукъащlэ гъэщlэгъэнэхэм, псэущъхьэхэм, щыху хьэл-щэнхэм, Хэкум, анэдэлъхубзэм, адэ-анэрэ нанэдадэмрэ, lэщlагъэхэм, куэдым... куэдым ятотхыхь.

И сатырхэм куэдрэ щегъасфlэ дыгъэр - ар фlэдахэщ, фlэгуапэщ, гъэмахуэр къыдэришэр фlэфlщ. Дыгъэм джэгун зэрихьэлыр къеГъэлъагъуэ:

Дыгъэ бзий
Цыкlыр
Гуфlэжу

Пэшым къыщlопкlэ.
Игъэкlылу тlэкlуи,
Си напэм
Къытопкlэ.

Мы сатырхэр къызыхэтхар «Дыгъэ бзий цыкlу» усэрщ, абы псоми фыкъеджэмэ иджыри дыгъэм и хьэлым щыщ куэдым гу лъыфтэнущ.

Хьэщыкъуейр уэшхми щогуфlыкl, пэжщ, тlэкlуи йохъуреджауэ. Тотхыхь уэшхыр щхьэгъубжэм къызэрытеуlуэм, цыкlухэр щыжеикlэ ар зэрыпущащэм. Уэшх макъым ущlэжеикlыну зэрыфlыр фэри фощlэ! Усакlуэм уэшхым хуигъэпса псэхэм яхэтщ цыкlуэхэр къэфакlуэ езыдж:

Цыкlуэхэр щlэжауэ,
Уэшхым къыщофэ.
Щlар, игу гъущlауэ,
Псы куэду йофэ.

Усэ сатырхэм фагъэхъуэпсамэ, фэри уэшхым фыкъыдэфэ хъунущ, фи анэхэм хуит фыкъащlмэ.

Усакlуэм и куэдщ псэущхьэхэм, къуалэбзухэм, джэдкъазхэм ятеухуа тхыгъэ щlащыгъуэхэр. Нэщlэпкlэр, пкlаэр, хьэндыкъуакъуэр, мышэр, щынбынэфыр, бзу цыкlур, бабыщыр, адакъэр сыту дахэу къыдигъэльагъуэр? Щlыхьэл гъэщlэгъэуну хэлъым гу лъыдегъатэ.

Хьэщыкъуейм и усэ цыкlуэхэм укъеджэмэ, зытетхыхьыр сурэт-теплъэу уи нэгум къыщlоувэ. Ар фи фlэщ мыхъумэ, «Нанэ и лэкъымыр» зыфlищар къэвгъуэри фыкъеджэт! Лэкъым фигу къихьэнщ, нанэ гумащlэ фыхуэхъунщ, абы теухуауэ уэ зэрыщыlэри жефlэнщ. Мисри абы щыщ зы едэзыгъуэ:

Іэпэр къису
Щытми,
Пытыгъэ зы къэсщтэнщ.
Бырыбыкрэ щабэу,
Сытым хуэдэу Іэфl.

Гъэщlэгъуэнщ, адыгэм къыддекlуэкl хабзэхэм ящыщи усакlуэм и щlэджыкlалъэ цыкlуэхэм зэрыригъэщlыхьр. Абы икlи мыхьэнэ иlэщ фэ лъэпкъым папщlэ фыгушхуэу фыкъэхъуныкlэ:

И щхьэм нэскlэ
Дэкlуеофыр
Кlэрыщlахэм
Яхэдэнщ,
Къыхихар
къыфlихыжьыфым,
Лыгъэ хэлъу къалъытэнщ.

Цыкlураш сымэ, флъагъуэ, гуфlэгъуэ дауэдапщэр фэ фщыщ щlалэ цыкlуэхэм я дежкlэ лыгъэ зэхэгъэкlыпlэ зэрыхъуфырыр!

Хьэщыкъуей Олег и усэхэм щыщ зыбжанэ къытыдодзэ. Нэхъыбэрэ адыгэ усэ дыкъебгъаджэ!

ГУГЪУЭТ Заремэ,
Сурэтхэр **Къарей Элинэ**
трихащ.

Дадэкъуапэ

Дадэкъуапэ,
Дадэ пыlэ,
Дадэ къуагъым
Къыкъузымыщ.
Инмэ дадэ
Зы лъэбакъуэ,
Деч лlы цыкlум
Лъэбакъуиц.
Дадэкъуапэ
ЖьыIэдаlуэц –
Дадэ жиlэр
Тlу имыщ.
Папи мами
Игъэгуфlэу,
Къихькъым унэм
«Тху» нэмыщl...
Дадэкъуапэ,
Дадэ пыlэ,
Нэ топышхуэу
Щlалэфl нэгу!
Къыкlэрыкlи
Нобэ дадэ,
Уи ныбжьэгъуэм ядэджэгу.

Си бзэ

Мамэ хэрфэр
Сегъэщlыну,
Хьэрфэр гукlэ
Зызогъащlэ.
Бзэм и Іэфlыр
Уцыкlуху,
Папэ, жеlэ,
Уэ зыхэщlэ.
Уи бзэр пщlэну
Ар мыхьэлъэ,
Лъэпкъым
Бзэр и лъабжьэщ...
Адыгэбзэкlэ сопсалъэ,
Адыгэбзэр си бзэщ!

Уд фызыжь

Уд фызыжьу
Пэ къуанщэжь,
Тlэкlуи жьажьэу
Тхы Іушэжь,
Пэжжым жаIэр
Уэ убзаджэу.
Сабий цыкlуэри
Бгъэтхъаджэу!
Дзэ пlутыжжкъым,
Пшхынур сщlэркъым,
Къикlи щыIэкъым
Уи макъым,
Еуи, кlий, ухуейм
Дэпъей.
Сыпщышынэркъым
Уэ Іейм!
Сэ си жеймии
Укъыхыхьэм,
ЖесIэжынущ
Дадэ и хьэм.

Жэщ

Вагъуэ ныбэ
Фыгъуэнэд,
Вагъуэ къомбэ
Ищl уи нэд.
Махуэм цыкlухэм
Защогъэпщкlу,
Жэщым цыкlухэр
Къыпщагъэпщкlу –
Іух уи нэдыр,
Къих зы вагъуэ.
Цыкlуэхэм ет,
Умыщl я жагъуэ!

Гъатхэ

Гъатхэ, гъатхэ,
Нэ къуэлэн,
Мазэ набдзэ
Дахэ
Дыгъэм щхьэцыр
Хуеухуэн,
Жьым
Щхьэцпыщlэ
Хепхэ.
Удэ Іэльэщlыр –
Щlым хуидар –
Теубгъуащ
И дамэм...
Тхьэlухуд
Сурэту сщlащ -
Ещхьыркъабзэщ
Мамэ!

● Хьэкlэжхъуэкlэхэр зыдогъэцlыху

Дыгъужьхэр

Дыгъужьыр хьэл-щэн гъэщlэгъуэнхэр зыхэлъ хьэкlэжхъуэкlэхэм ящыщщ. Ахэр щыIэщ губгъуэхэм, мэзхэм, бгылъэхэм, тундрэм.

ДЫГЪУЖЬХЭМ я хьэлъагъщ килограмм 27-м щегъажьауэ 50-м нэс. Ауэ Аласкэмрэ Сыбырымрэ щыIэщ килограмм 77-рэ зи хьэлъагъхэри.

Нэхъыбэ дыдау щыIэ лIэужьыгъуэр щхъуэхэрщ. Америкэ Ищхъэрэм и закъуэщ дыгъужь фlыцlэ здэщыIэр. Ахэр дыгъужьхэмрэ хьэхэмрэ къатепщыкlауэ къалъытэ.

Дыгъужьхэр къугъуэрэ зэрощlэ. Псалъэм щхьэкlэ, зым и къуг макъымкlэ адрейхэм хьыбар ярегъащlэ гупыр зэхуэсын зэрыхуеймкlэ. Къугъуэрэ, ящыщ яфlэкlуэдами къагъуэтыжьыф. Гъэщlагъуэнщ гуп къэс езыхэм я къугъкlэ зэрагъэжри. Дыгъужьым и къуг макъыр зэхэпхьфынущ километри 10-кlэ упэжьжьэу.

Дыгъужьхэм езыхэр щитlысыкlа щыIэпэм ихпуну гугъущ. А щыIэпэм ящыщ дзтэхэнэри щlэбэныфынущ и псэр итыху.

А хьэкlэжхъуэкlэхэм дзэ 42-рэ яIутщ. Я дзэпкъэр сантиметри 6 хуэдиз мэхъу.

Дыгъужь гупхэм я нэхъыбэр унагъуэурэ зэхэтщ. Дыгъужьхэм я гъащlэм къурибудэу зы гуэгущ къагъуэтыр. TIум язым и псэр ита ноужьи, къэнам нэгъущlэ гуэгъу къилтыкъуэркъым зэи.

Дыгъужьхэм я нэхэр щхъуэуэ къытохьэ дунейм, мази 2 - 4 докIри, а лIыныфэм дыщафэ-гъужьыкlфэу зехьэж.

Дыгъужьым и цым и лъабжьэм щlэтщ цы щабэ. Абы щlыфэм псыIагъэ игъакlуэркъым, псэущхьэр щlыIэм щехъумэ.

ТхьэкlумафIэщ. Мэзым щlэту абы километри 9-кlэ пэжьжьэу къэIу макъэр зэхех.

Мэр фlыуэ къащlехьэ. Цlыхум мэ лIэужьыгъуэу мелуаи 5-м нэс зэхигъэкlыфмэ, дыгъужьхэм мелуан 200 зэхащlохъукlыф.

Зэ щхэгъэм лы килограмми 10 хуэдиз яхуошх. Дыгъужьхэр щыIэхэзэкlуэм къуаргъэр щыкуэщ, ситу жьпIэмэ, хьэкlэжхъуэкlэхэм къащэкlуIауэ шха нэужь, къагъэнам хошъыхьыж. Дыгъужьхэм къыщауфыдыф щыIэщ къаруушэ хъуа щыхьэмрэ бжьохэмрэ. МэжащlалIэми, дыгъужьыр жану щытыфынущ махуипщl хуэдизкlэ. Уэгъэ хъуа дыгъужьыр щагкIуэхэм къаIэщlокlыф, километр зыбжанэкlэ ятпэжьжьэ захуищlу.

Дыгъужьхэр псы есыкlэкlи Іэзэхэщ - къэмыувыIэу километр 13 -кlэ йосыф.

И кIапэр къигъэсбэпкlэрэ, и гукъыдэжыр зыхуэдэр къегъэлъэгъуэф. КIапэр Іэтамэ, и къарум къегъэгугъэ, сытми хэхьэзырщ. Ехьэхамэ, губжь хэлъхьым, шыи зэран хуэхъуну хуейкъым. И кIапэр и лъакъуэм диупщlэмэ, зыгъэрым щышынэу аращ.

Іуэгуанэ нэхъ кIэщlхэр дыгъужьхэм нэхъ хуабжьагъ яхэлъу зэпаупщl - сыхьэтым километр 60 хуэдиз. Ауэ ахэр нэхъыбэм хуэмущ зэрызэхэзэкlуэр - сыхьэтым километри 8 якIуу.

Мэзым щlэсмэ дыгъужьхэр мэпсэу илъэси 6 - 8-кlэ. Зоопарккэм щаIэгъэхэм нэхъыбэ къагъащlэ - илъэс 20-м нэблагъэ. Ауэ дыгъужьхэр къэбгъэсэныр егъэлеяу гугъущ, абыхэм хуитныкъэрщ ящlэфlыр.

ГЪУЭТ Синэ.

Сурэтым щыфлъагъу тхъэIуэхуэдыр Шыкъ Даянэ щыкlущ. И къэсиблым итщ. Пщащэ хьэлэу зыгъэдэхэнкlэ фlэфlщ, зегъэщlэращlэ, и щхьэщыр зэмылIэужьыгъуэрэ егъэдахэ, фэилъхьэгъуэхэр зэрекlум йоплъ. Даянэ мы гъэм ятэ классым щlэтIысхьэнущ, зыжьиIэмкlэ, тху куэду кхихьу еджэнущ. И хъуэпсапIэщ школыр кьиухмэ, модель хъуну.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и къэралыгъуэр илъэси 100 зэрырикъум и щlыхькlэ къызэIуаха «Сквер 100-летия» зыгъэпсэхупIэм хьыхьу яухуа гъуэзджэ галереем зэуэ щагъэлъагъуэ республикэм и художникибгъум я лэжьыгъэхэр. Ахэр Сокъур Каринэ, Кантиев Зарубэч, ПIаз Іэминэ, Романовская Ленэ, Атэлыкъ Мариам, Гузеевэ Наидэ, Бадэ Алим, Жэбалы Заирэ, Иуан Рустам сымэщ.

КъБР-м и Сурэтыщlхэм я зэгухьэныгъэм и унафащlкlыанакъуэ Жаннэ гъэлъэгъуэныгъэр къыщызэIуихым и псалъэм къыхигъэщащ выставкэм пэжьыгъэ гъэщlэгъуэнхэр, щхъуэкlэпльыкlэхэр утыку къызэрыщрахьар. Ар художникхэм ехъуэхъуащ ехъуIэныгъэ яIэну, я зэфlэкlхэм хагъэхъуэну, апхуэдэ лэжьыгъэхэмкlэ республикэм исхэр иджыри куэдрэ ягъэгугфIэну!

Гу зылъытпэращи, лэжьыгъэ щхъуэжькlэпльыкlэхэм гъатхэмэ къапихым хуэдэщ. Сокъур Каринэ и Іэдакъэщlэкlхэм адыгэбзэкlэ и гупсысэхэр зэрытритэр щlащыгъуэщ. Шэч хэлъкъым ар зыльагъуэм, зы мащlэкlэ нэхъ мыхъуми, гуэзаджэм къыдэкlуэу анэдэлъхубзэми гулъытэ зэрахуригъэщlыж.

«Налшык» авиамоделыиэ клубым и унафащl Кантиев Заурбэч и дэтхэнэ зы лэжьыгъэри арт-объект пэлъытащ. Техникэм фlыуэ хэзыщlыкl, къэхутэныгъэ Іуэхум хуэмыхамэ щlалэм бгъэдэлъ зэфlэкlхэр щlегъужри, гуэзаджэр егъэбей. И лэжьыгъэ гъэщlэгъуэнхэр кхъухьлатэхэм, къэзылъэтыхь нэгъущlэ Іэмэпсымэхэм къытрищlыкlащ.

Аккизов Керим жиIащ выставкэм хэхьэу зи сурэтхэр ягъэлъагъуэ художникхэм гупсысэ щlэщыгъуэ зэраIэр я лэжьыгъэхэм къызэрагъэнаIуэр, ахэр зыльагъунухэр зэрыдахьэхыным, япэгъунэгъу гуэрхэр къызэрытрымыхьэр.

УФ-м и Сурэтыщlхэм я зэгухьэныгъэм хэтэу Тураев Рустам зи лэжьыгъэхэр зыгъэлъагъуэхэм ехъуэхъуащ. Сурэтыщlхэм Аккизов Керим фlыщlэ хуащlащ выставкэр къызэрызэригъэпэщам папщlэ.

ТЕКlУЖЬ Заретэ.
Сурэтхэр **Къарей Элинэ**
трихащ.

● Гъэлъэгъуэныгъэ

Гъатхэмэ къапех

Атэлыкъ Мариам гъащlэм зыгъэгуэавэ, махуэ къэс зрихьэлlэ Іуэхугъуэхэрщ и сурэтхэм къыщигъэльагъуэр. И лэжьыгъэ щхъуэжькlэпльыкlэхэр зэхэщlыкlыгъуафlэщ.

Гъуэзджэм и лIэужьыгъуэ куэдым (сурэт щlыным, графикэм, сурэтхэр техным) пэлъэщ Гузеевэ Наидэ ящыщщ зэпымыууэ щlэ къэзылъыхъуэжам. Абы и лэжьыгъэхэмрэ зэпшыпхэмрэ нэхъри щlэщыгъуэ пщызыщlыр ахэр пкъыгъуэ зэмылIэужьыгъуэхэм къызэрыхищlыкlымрэ и Іуэху бгъэдахьэкlэхэр зэрыгъунапкъэнщэмрэщ. Сурэтыщlым зэманым зэрызыдригъэхуэ гъэкlыр, щlэм зэрыдэбакъуэр нэрылъагъущ.

Художник икlи егъэджакlуэ къахэплъэри, къыгуэтащ «Кубань-Холдинг»-м и футболистхэр зытеплъэкъуkIа Даличевыр. Икlи, иужькlэ, Іэкlуэлъакlуэу къыхитэри, ди щlалэм топыр щхьэкlэ гъуэм дигъэжкIащ.

Адэкlэ зэпущlар и кIэм нэсыку командитIри хущlэкъуащ зэпущlэм и бжьыгъэ яхъуэжьину, ауэ арзэрыщытым хуэдизу къэнэжащ. Пэжщ, хэгъэрейхэм топыр нэхъыбэрэ яIыгъаущ щытми, ди щlалэхэм гъуэр къызэращтэн Іэмалыфlхэр нэхъыбэрэ къызэрагъэпэщащ. Икlи, псом нэхъыщхьэкраци - япэ текlуэныгъэр чемпионтым къыщытхьащ.

Ди гъусэу а махуэм зэдэджэгуа «Победа»-мрэ «Севастополь»-мрэ зэрытемыгъэкlуаэ - 0:0-у я зэIущlэр иухащ.

Мыдрей командзкэр зэхуэзэнущ мэлыжьыхьым и 27 - 28-хэм, чемпионатым и къыкlэлъыкlуэ джэгуГъэм ипкъ иткlэ, ауэ ди командэм ар блигъэкlынущ. Адэкlэ дэ дыщыджэгунур накъыгъэм и 4-рщ. А махуэхэм «Спартак-Налшык»-м и деж Мэхъэчкъало и «Легион»-р къыщыригъэблэгъэнущ.

ХЬэщЫКЪУЕЙ Олег.

Урысей Федерацэм футболымкlэ и етIуанэ лигэм и «Б» дивизионым и япэ гупым зэхьэзэхуэр зэрыщlекlуэкlыр.

Командзкэр	Дж.	Къ.	З.	ФI.	Т.	О.
1. «Рубин»	4	4	0	0	8-1	12
2. «Астрахань»	4	3	1	0	6-1	10
3. «Легион»	4	3	0	1	6-3	9
4. «Биолог-Новокубанск»	3	2	1	0	6-4	7
5. «Ростов-2»	4	2	0	2	11-5	6
6. «Спартак-Налшык»	5	1	3	1	8-8	6
7. «Строитель»	3	2	0	1	4-4	6
8. «Севастополь»	4	1	2	1	2-2	5
9. «Кубань Холдинг»	5	1	2	2	6-7	5
10. «Динамо-Ставрополь»	4	1	2	1	4-5	5
11. «Победа»	5	0	4	1	5-6	4
12. «Форте»	3	1	0	2	5-5	3
13. «Дружба»	4	1	0	3	3-5	3
14. «Нарт»	4	0	3	1	3-6	3
15. «Ангушт»	3	0	2	1	1-3	2
16. «Динамо-2»	3	0	1	2	1-5	1
17. «Алания-2»	4	0	1	3	5-14	1

Япэу дытокlуэ

● Футбол

«Кубань-Холдинг» - «Спартак-Налшык» - 0:1 (0:1). Павловскэ, «Урожай» стадион. Мэлыжьыхым и 24-м. Цlыхуи 150-рэ еплъащ.

Судьяхэр: Колтунов, Головченкэ (тIури Дон Іус Ростов), Попов (Астрахань).

«Кубань-Холдинг»: Извеков, Копылов, Бабаян, Гараев, Дроздов (Сапожников, 46), Цимбал, Фадеев (Ревазов, 46), Горелов, Малолетов (Трефилов, 76), Багиев (Колтаков, 68), Миронов (Погребнов, 46).

«Спартак-Налшык»: Къумыкъу, Далиев, Лелюкаев, КIэдыкIуей, Молэмусэ, Хьэшыр (Мызэущэ, 90), Торосян (Жангуразов, 67), Хьэцlыкlу, Селяев (Топурия, 59), Блий (Масленников, 46), ПIуп (Березов, 90)

Топыр диГъэкIащ: Далиевым, 20 (0:1).

Дагъуэ къыхуащIащ: Дроздовым, Лелюкаевым, Къумыкъум, Масленниковым.

УРЫСЕЙ Федерацэм футболымкlэ и етIуанэ лигэм и «Б» дивизионым и япэ гупым хэт командзкэм гъатхэпэм и 23-м ирагъэкIуэкIын хуейуэ щыта япэ зэIущlэхэр яГъэIэпхъуэуэ щытащ, Мэзкуу областым къащlыхъуэ гуэхум щхьэкlэ. Абы щыгъуэ Налшык и «Спартак»-м щыхьэщlэну къыпэщылъат «Кубань-Холдинг»-м деж. Иджы, абы къытрагъэзэжу, налшыкдзкэр Краснодар крайм вэсэмахуэ щыхьэщlащ.

Футболеплъхэм зэращlэщи, командитIыр сыт щыгъуи гугъуу зэдоджэгу. Уеблэмэ чемпионтым и япэ зэIущlэр «Кубань-Холдинг»-м зэрыдегъэкIуэкIынур къыщащlам щыгъуэ, абы зыгъэр щытхъэзэфlэкlыну гугъэщхьи ящlатэкъым - къыттемыкIуащэрэт бжьыгъэшхэкlэ, жьхуаIэу. Апхуэдэуи щыхъукlи, ипэкlэ командитIым зэдрагъэкIуэкIа зэIущlэхэм къарикIуахэм уарилъэжмэ, налшыкдзкэр нэхъыбэрэ я хьэрхуэрэгъуэхэм ефIэкIащ.

Вэсэмахуэрэй зэIущlэри тыншу щытауэ пхужьIэнукъым, дэтхэнэ зыри зэрыхуэгфIэкIкIэ текIуэныгъэм хущlэкъуащ, ауэ, ди гуапэ зэрыхъущи, «Спартак-Налшык»-м и кIэныр нэхъыбэу къикIащ.

Ди командэм иригъэкIуэкIа иужьрей зэIущlэхэм тепщlыхьыу щытмэ, Краснодар крайм дыз зэрыкIуам щlагъуэ гуэр къытхуэдэкIуэну фlэщ щыгъуейт, гур къыщlэзыубыдэ, гугъэ хэсхэт джэгуIэкэр абы зэрыщыхэдмыльэгъуам къыкlэхIыу. Ауэ, командэм и тренер Биитокъу Тимуррэ топ джэгухэмрэ акъыл гуэркэр къыхахауэ къыщlэкlынщ а зэIущlэхэм.

Зэпеуэм и япэ Іыхьэм щыщlэдзауэ и кIэм нэсыху щlалэкэр ерыщу, зэкъуэту губгъуэм итащ, щыуагъэ гуэркэр яIэщlакlамэ, зэгъусэу ар здагъэзэкlуэжу, зэпIэзэрытхэу, щыIэ хабзэкэр топджэгу губгъуэм къыщыхэпамыуду. А псом и фlыгъэкlэ, сызэрелпльмкlэ, ди командэм хуэзфlэкlащ япэу бжьыгъэ къызэIухин.

Ар къыщыхъуар 20-нэ дакъикъэрщ: хэгъэрейхэм топыр я гъуэ щыбгъэши щхьэдахужа наужь, ар угловойм щlагъэуващ налшыкдзкэсхэм. Топым бгъэдыхьащ ХьэцlыкIу Амур икIи штрафнойм итхэм къахэплъэри, къыгуэтащ «Кубань-Холдинг»-м и футболистхэр зытеплъэкъуkIа Даличевыр. Икlи, иужькlэ, Іэкlуэлъакlуэу къыхитэри, ди щlалэм топыр щхьэкlэ гъуэм дигъэжкIащ.

Адэкlэ зэIущlэр и кIэм нэсыку командитIри хущlэкъуащ зэIущlэм и бжьыгъэ яхъуэжьину, ауэарзэрыщытым хуэдизу къэнэжащ. Пэжщ, хэгъэрейхэм топыр нэхъыбэрэ яIыгъаущ щытми, ди щlалэхэм гъуэр къызэращтэн Іэмалыфlхэр нэхъыбэрэ къызэрагъэпэщащ. Икlи, псом нэхъыщхьэкраци - япэ текIуэныгъэр чемпионтым къыщытхьащ.

Ди гъусэу а махуэм зэдэджэгуа «Победа»-мрэ «Севастополь»-мрэ зэрытемыгъэкIуаэ - 0:0-у я зэIущlэр иухащ.

Мыдрей командзкэр зэхуэзэнущ мэлыжьыхьым и 27 - 28-хэм, чемпионатым и къыкlэлъыкlуэ джэгуГъэм ипкъ иткlэ, ауэ ди командэм ар блигъэкIынущ. Адэкlэ дэ дыщыджэгунур накъыгъэм и 4-рщ. А махуэхэм «Спартак-Налшык»-м и деж Мэхъэчкъало и «Легион»-р къыщыригъэблэгъэнущ.

Псалъэзэблэдз

Псалъэхэр пэжу ифтхэмэ «накъыгъэ» жиIэу фыкъеджэнущ

1. Псыщlагъырыкlуэ, алащэ кIуэкlэ. **2**. Хьэщlэпэ бзу, бзуужь кIапэху. **3**. Модэ къикl лъакъуэ кIыхь, дищl къикъэ сэрэбжэн, зи нэ хъэрджфэнэ, зи фэ фэрафибл, къыжибл къызэптами уэзмыгын. **4**. Зи цlэр изыIуэж бзу. **5**. Дунейр зыгъэнэху, псэр зыгъэхуабэ. **6**. Дунейм лъэмыж плъыжь тралъхьащ.

Жэуапхэр:

1. Кеуиуиуа. 2. Кеанкэ. 3. Кеуг. 4. Кеигуиу. 5. Дыгъэ. 6. Іагъуиныжу.



Редактор нэхъыщхьэ ЖЫЛАСЭ Заурбэч

РЕДКОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР:

ЖЬэкlэмыхъу Маринэ *(унафэщlредактор)*, **Ширдий Маринэ** *(унафэщlредактор)*, **Къаншокъуэ Эллэ** *(жэуап зыхь секретарь)*, **Къардэн Маритэ**, **Къумахуэ Аслъэн**, **Нэщlэпыджэ Замирэ**, **Чэрим Марианнэ**, **Щхьэщэмыщl Иэз**.

ТЕЛЕФОНХЭР:
редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; унафэщl-редакторхэм 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-75-78; секретариатым - 42-22-66.
КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкlэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ Іуэхухэмкlэ - 42-22-86; къуажэ гъащlэмрэ экономикэмкlэ - 42-57-59; щэнхабзэмкlэ - 42-75-36; егъэджэныгъэмрэ щlэныгъэмкlэ - 40-15-31; хьыбарыщlэхэмрэ спортымкlэ - 42-22-88, 42-22-89; хабзэхъумэ Іэнатlэхэм ядэлажьэнымкlэ - 42-60-53; зэдзэкlакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-22-66; компьютер Іэнатlэм - 42-26-41; сурэттеххэм - 42-63-64.

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкlэ Къэбэрдей-Балъкъэр щlыналъэ Іуэхущlапlэм ятхащ
ПИ № ТУ07-00117-м щlэту.

Къыдэзыгъэкlэхэмрэ редакцэмрэ я хэщlапlэр: 360030, КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

Индексыр П 5894
Тиражыр 1.553
Заказыр №868

12+

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжьыгъэхэм, щlыналъэта Іуэхугъуэхэм я пэжагъымкlэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Іуэху еплъыкlэр зэтехуэ зэпыту щытхъым.

Газетыр Іэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщlэныгъэхэмкlэ и управленэм.
Тел.: 76-01-28, 76-01-10

МЫ КЪЭДЭКlЫГЪУЭМ ЕЛЭЖЬАХЭЩ:

жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ **Дыщэкl Соня**, *корректорхэу* **Инэрокъуэ Азэмэт** *(1, 4-нэ нап.)*, **Нэужьокъуэ Заирэ** *(2, 3-нэ нап.)*.
Компьютеркlэ газетым и теплъэр ящlащ **Дол Маринэ, Мэлбахъуэ Анжелэ**.

Сурэтхэм елэжьар **Бицу Жаннэщ.**

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ.

357600, Ставрополь край, Есэнтlыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А

Газетым Іэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокlи.